


ISSN 0132-9723

3.2023

# МагIарулай

# Приезжайте в гости к нам!





# Нилъерго мугIруздаса чIухIизе заман щвана

Ахираб заманаялъ цIакъ туристазе бокьулеб бакIлъун лъугьун буго Дагъистан. Гьез нилъее кьолел къиматазулъ, рухIияб рахъалъе цIакъ гьитIинаб гурони бакI кколеб гьечIо. Гьезулгун гарачIвари цIалулаго, дун нилъер ракьцоясул гьадинаб пикруялде тIаде ккана. «Дагъистаниял – гьел я италянал гуро, я гуржиял гуро. Гьезие гIадин, нилъее нилъерго ватIан бокьуларо. ВатIаналде рокьи, гьанир гьарун ратиялъухъ ва умумул гьаниса ратиялъухъ гуребги букIине ккола. Гьединан ватIан мугIрул бисалъеги гIанкI-цералъеги бокьула. Чияс ватIаналде рокьи цоги кин букIаниги загьир гьабизе ккола».

Дун Италиялде щвечIо, амма гуржиязул ракь бихьана. Гьеб цебего бухьараб сапаралда, киндай гьал гуржиязе жидерго ватIан бокьулебилан пикруго гьабун букIинчIо дица. Гьанже нилъерго республикаялъухъ балагьун бичIчIулеб буго дида гьеб дандекквеялъул магIна.

ГIагараб ватIаналде рокьи – бищун цебе гьелдаса чIухIи буго. Нилъер ватIаналда рахъарал суратал рихьигун, гьеб берцинлъиялда, гьалбал гурелги, нилъгогицин хIикмалъула. Нилъер цIакъ бечедаб тарих буго, тарихалда лъалкI тарал бахIарчиял, гIакъилал гIадамалги руго…

ЧIухIизе хIужаби нилъер гIемер руго. Амма, щаялиго, чIухIулел гьечIо. Кин бицаниги нилъелъ гьечIо жанисеб рухIияб культура, нилъер гIаммаб тарихалъул бутIа хIисабалда, киналъего тIадегIанаб магIнаги кьолеб, бахIарчияб халкъалъул рухIалъги цIезабулеб.

ЦохIо тIаде рачIарал гьалбал кванaзари, гьекъезари, гьезда ралъдал рагIалги мугIрулги рихьизари бугин туризмилан кколеб буго нилъеда. Гьебги лъикI буго. Амма цоги рахъ буго гьеб медалалъул: киналго ропртана гIарац гьабизе, зодоре багьабиги рахинарун. Хиралъана гостиницаби, транспорт, кванил нигIматал. Нилъер «гьалбал хириял» дагъистанияз, нилъералгоги къватIире рахъинарун, туристазе хIадурана квартираби. Цо рахъалъан нилъ гьел туристазул ретIа-къаялда хадур хал кквезе лъугьана, амма нилъерго «бадир ругел чIалаби» рихьизего рихьичIо…

БитIараб буго, туристал рачIунел руго ралъдалъ чвердезе, мугIрузул тIабигIат ва гIажаибал тарихиял бакIал рихьизе. Амма бокьилаан гьеб берцинлъиялъ, гьалбал гурел, нилъгоги хIайран гьаризе ва нилъерго миллияб хаслъиялдаса чIухIизе ва гьеб цIунизе лъугьине.

**Наида КЕРИМОВА**

## НОМЕРРАЛДА ЦIАЛЕ:

ГЬЕРСИХЪАБАЗУЛ АГЬЛУЙИЩ ЯГИ МЕКЪИ ККАРАЛИЩ?... ........... 6



Гьеб гьерсил гохI гIуна, цохIо гIарац щвей гурони тIокIаб мурад гьечIел чагIи нилъ лъугьаралдаса нахъе. Гьеб унтиялда цIарги буго жагьиллъи. Жагьилчиясул лъугьуна чIухIухъан, чIухIухъанасул – веццарухъан…

УНГО – УНГОЯЙ МУГIАЛИМ!...... . 8



Гьелъие дагьабниги захIмалъи лъималазда рахьдал мацI лъазабулаго бихьун гьечIо, щайгурелъул жийго йикIун йиго мисаллъун ва гIагараб мацI, культура, гIададатал цIунизе кколеблъи лъималазда кьойилго бихьулеб букIун буго. ПатIиматица мухIкан гьабун бицана анцIго соналъ цебе Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекалда жаниб жиб гIуцIараб, Лак мацIалъул Клубалъ гьабулеб хIалтIулги ва кколел ругел хIасилазулги хIакъалъулъ.

СЛОВАРАЛ ДИЕ ЛЪИМАЛ РУГО ... 10



Бихьинал риидал хъахIлъи барабго уна рецаризе яги рохьдоде. ГьединлЪидал бакIалъул мацI лъазабиялда тIад дун руччабигун ва лъималгун хIалтIулаан. Гьанже гIемер ратани, азарго чи гIолареб гьезул мацI буго захIматабги бечедабги. Гьедин захIмат бихьун данде гьабураб материалалъул кьучIалда дица хьвана монография ва гIуцIана словарги. Хьвай-хьвагIайги гьечIеб гьеб мацIалъул хаслъи лъазаби – кIудияб ишлъун рикIкIуна. Щайгурелъул словаралдаса пайдаги босун гьеб бокьараб мехалда цIигьабизеги бегьула. Гьединал экспедициял цогидал бакIаздеги гIемерал гьаруна.

ТВОРЧЕСТВО – ЛЪУГIУЛЕБ ЖО ГУРО.......................................... 32



– Дир рос АхIмадпашал дихь рокьи цо йихьарабго ккана. Таманав хьвадизавуна дир инсуца гьев гьарунги. Гьединлъидал дир сценаялъулаб ишалъул хIакъалъулъ хабарги киданиги букIунаро. АхIмадпашаца рагIи кьун букIана ракIал журан гIумру гьабизе ва гьеб рагIи гьес ккуна.



*Саидат Къурбанова (бакьулъ) яцгун ва ясгун*

# «ИНТ» – ИХ!

Цониги чи ватиларин ккола нилъер шагьаралда «Инт», - илан гIажаибаб цIарги бугеб этнокафеялде щвечIел яги гьелъул бицунебниги рагIичIел. Рохалида дандги чIвалеб, тIагIамалда кванazeги гьарулеб, суратал рахъизе умумузул къагIидаялъ къачIарал бокIналги ругеб гьеб кафеялде гIемерисел туристалги щола.

## БАЙБИХЬИ

- Кинабго дида лъалебги, дица гьабулебги – гьеб кинабго буго дир гIажаибай кIодоэбел ГIабидатица ва дир хирияй эбел Нурижаница дида малъараб. ГьитIинаб мехалъ дун гIемериселъ кIодоэбелалда аскIой ЦIияб Кули росулъ йикIунаан. ГьадигIан гIуниги дида тIокIай дандчIвачIо дир кIодо гIадай гIадан. Гьелъул махщалил бицуней гуро дун – росдал гIадамазда гIемераб жо лъазе ккола. Росулъ ничаб жо букIуна тIох къачIазе лъаларев бихьинчиги, горде букъизе лъаларей чIужугIаданги. Дир кIодоэбелалъ цIакъго махщалида гьабулаан кинабго хIалтIи. Гьелъ гьадинго малъун толароан – гьелъ малъулаан киналъулго къимат гьабизе – гьитIинаб богIоллъиялъулги, гьитIинаб ххамил кесекалъулги… Квен гьабулаан пайда кьоледухъ, горде букъулаан ретIиндал берцинлъуледухъ…

Дир кIудаинсулги кIодоэбелалъулги рукIун руго 9 лъимал. Амма чIаго хутIун вуго цохIо дир эмен Дундар. Гьев гьавуралдаса нахъе, гьесие сахлъи гьарун, садакъа гьабулеб букIун буго гьелъ. Бесдалазе квен битIулеб букIун буго, рес гьечIезе ретIел букъулеб букIун буго, нухда ратарал кванaze рачунел рукIун руго. Гьев васги гьечIого хутIилилан хIинкъиялъ, кIодоэбел хIадурай йикIун йиго, жийго якъунги, цогидал кванaзаризе, гьезул лъикIаб дугIаялъухъ.

Жидирго ракI разияб гIамалалъ ва гIакъилаб хабаралъ гьелъ гIадамал цIакъ тIаде цIалаан. Гьаб нижер баракатаб гIумруялъул кьучI щибдайилан пикру гьабидал, дида бичIчIула хъизаналда хIалтIи бокьизе малъи, жавабчилъи ва гIадамазде рокьи куцай букIин. Гьеб буго нижее ирсалъе щвараб бечелъи, нижецаги лъималазул лъималазухъе кьолеб бугеб.

## ЭМЕН

- Хъизамалда цохIого цо вугев вас вукIаниги, кьварараб тарбия щварав чи вукIана дир эмен. 40 соналъ цо цаби-гIусал къачIалеб поликникаялда хIалтIарав, Республикаялъул сахлъицIуниялъул мустахIикъав хIалтIухъан цIар щварав тIадегIанаб даражаялъул специалист, коллективалъе кутакалда вокьулев, ракI рагьарав чи вукIана гьев.

ДГУялъул тарихияб факультетги лъугIарав, гIемераб жо лъазе бокьулев, унго-унгояв патриот, гьес цIакъ тIадчIун лъазабуна тумазул, жиндирго гIагараб Кули росдал цересел тухумазул тарих, гIадатал. Росдал харабахъа документал, суратал, ракIалдещвеялги

ракIарун, «Кулисел: араб ва гьанжесеб» ва «ГIайибго гьечIого тамихIалде цIарал» абураб кIиго тIехь бахъана инсуца.

Кинабниги тумазул интеллигенция бакIарулеб бакI букIана нижер рукъ. Гьенире ракIарулаан хъвадарухъабигун шагIирзаби, гIалимзабигун тарихчагIи, музыканталгун актерал. Гьез бицунаан цIиял тIахьазул, цIалулаан цIиял кучIдул, ахIулаан. Лъицаго малъичIониги, чанго музыкалияб алаталда бакъан бачинеги лъалаан инсуда. Нижее цIакъ рокьулаан гьединал данделъаби ва кидадай гьалбал рачIинаян рукIунаан. Гьанже бичIчIана дида, эстетикияб тарбияйилан абураб жо доб букIин. Эмен гIадамазе вокьулаан намус ва ракI бацIцIадав чи вукIиналъ. КIодоэбелалъ хIалтIи бокьизе ва жавабчилъиялде ругьун гьарун ратани, инсуца малъана гьудуллъи ва божилъи цIунизе.

## БОКЬУЛЕБ ХIАЛТIИ

– Кафе ргьизе дида ракIалдаго букIинчIилан абуни, гьанже нуж дида божиларо. Дир букIана бокьулеб хIалтIи – моделал ургъизе ва гордал рукъизе. Дица тIокIлъигун лъигIизабуна ДГПИ – ялъул худграф, ратIлил моделал хIадурулеб отделение.

ГIадада гуро кIодоэбелалъ абулеб букIараб, СагIидат кодоб рукIкIенгун гьаюнилан. ГьитIинаб мехалъ ясикIабазе ретIел букъулаан, цодагьай кIудияй гIейгун кIодоэбелалъе кумек гьабулаан, росуцоязе ретIел букъизе, институталда йикIаго профессионалалъ гIадин росулаан заказал. Дида гьарулеб букIана кафедраялда преподавательлъун чIайилан, амма гьеб хIалтIи дие бокьичIо. «Модабазул рукъалъул» эксперименталияб лабораториялда хIалтIизе байбихьана дица. Дие бокьун букIана, берцинаб ретIелги букъун, руччаби рохизаризе.

Нилъер руччаби батIи-батIиял ва гIажаибго берцинал руго. Сураталда сверун рамкаялъ гIадин, ратIлица гьезул берцинлъи дагьабги бихьулеблъун гьабула – беразул гIурччинлъи, расул кунчIи, гарбил халалъи, кверазул чIурканлъи… ЦIияб горде ретIарабго гьелъул беразул кунчIи хисулеб куц бихьизе бокьулаан дие. РатIлил, ххамил, гьезул тайпаязул, стилазул, диего бокьулеб рахьалъул модаялъул хIакъалъулъ сагIтацаги бицине кIола дида. Гьанжегицин, кинабго заман «Инталъ» бахъулеб бугониги, рукIкIен кодобе босизе бокьун, кверал рукарилел рукIуна дир.

Аллагьасе рецц, гьеб дирго рекIел цIайи кьезе чи вуго дир – ясалъ Майяца кодобе босана дир рукIкIенкун. Гьей лъугьана моделированиялъул тIадегIанаб даражаялъул специалистлъун. Рос – дипломатгун гIемерал соназ гIараб ракьалда рукIана гьел ва Бейруталде командировкаялъ индал «Эли Сааб» абураб цIаррагIараб модабазул рокъоб стажировка гьабизеги рес щвана гьелъие.

Дун йохарай йиго Майяца жиндирго «Бузмаэтник» брендалда дагъистаналъул миллияб ратIлие хасиятал накъищал хIалтIизарулел рукIиналдаса. Гьанжезаманалъул ратIлида умумузул хаслъабиги журазарун, лъилго гьечIеб гIадаб ретIел букъулеб буго гьелъ.

## КАФЕ «ИНТ»

Диегоцин захIмат буго божизе, кафе ргьизе пикру ракIадаго гьечIого бачIиналда. Амма гьеб гьедин ккана. Нижер ательеялъул I этажалда регун рукIана лъабго, совет хIукуматалъулго букIараб, корги бугеб, печ. Гьеб печ бакизе кин дида ракIалде ккарабали ракIалдацин гьечIо, амма гIажаиблъи – гьеб хIалтIана. Квен-тIех гьабизе дида лъалаан ва цIакъ бокьулаан, гьебги долго кIодоэбелалъул ва эбелалъул баракаталдалъун. ХIалбихьиялъе тумазул миллияб тIагIам, гьанал пурщина «къячIи» бежизе хIукму ккана. Цин бежана нижеего – ательеялда ругел ясазе цIакъ бокьана. Цинги цояз гьарана жидеегийилан – гьелги режана.

*«СагIидат Дундаровна Къурбанова – тумазул, дагъистаналъул, кавказалъул кванил нигIматал цIунулей ва тIоцебе Дагъистаналда гьединаб бизнас байбихьарай. Гьелъул хIаракаталдалъун кIиабилебги гIумру щвана чанго тIагIун рукIарал тумазул кванил нигIматазе. Гьелъул кафе лъугьун буго росуцоял, цадахъ цIалулел рукIарал, гIагарал, божарал, дагъистан тун къватIир ругелгицин данделъулеб бакIлъун. Гьенир тIоритIула хъизаназул сухIматал, цадахъ хIалтIулезул вечерал. ГIемераб «Инт» кафеялде щола бищун жигарай гIахьалчIужулъун СагIидат Дундаровнаги йигей, нижер руччабазул клуб «Дараччиги».*
*Гульшан Хасаева, Мариям Исаевалъул цIаралда бугеб «Дараччи» клубалъул президент*

Гьеб мехалъ бачIана пикру тIагIамал «къячIиял» гьадин рокьулел ругони, щай гьел режиларел ва ричиларелилан. КIиго ясги хIалтIизе йосун, кьварун лъазабуна рецепталдасаги кьуриларилан рацIцIалъиги цIунилилан.

Гьеб букIана 2008 сон. Заказал гIемерлъизе лъугьана. Клиентазул заказалда рекъон, чанго столги бакIалги рекъезаруна ва гьенибго «бухIилаго «къячIи» кунеб бакIги лъугьана. Умумузулго батараб гIолохъанлъизарулеб богIол чIагIаги тIаде жубазе хIукму ккана. Гьелъиеги Шамсиятицаги Тамарицаги кумек гьабуна. Гьебги ана, жакъа къоялдеги унеб буго. Куракул лъимги гьабуна, гьекъезе букIине.

Гьеб заманалъги гьоркьо–гьоркьой кафеялдеги яккун, дир ракI жеги ательеялда букIана. Гьеле гьеб заманаялъ лъугьана доб туркIи, гьадин букIине букIин мухIканго бичIчIизабураб!

## ГЬАДИНГО ЩИБГО БУКIУНАРО

– Идеяги кьун гьеб рагIалде бахъинабиялъе цIакъ кьеркьана тумазул руччабазул гурхIел-рахIмуялъул клуб «Дараччи» – ялъул нухмалъулей, лак халкъалъул патриот Мариям Чибиевна Ильясова ва гьелъулго кваранаб квер, президиумалъул член Раиса



ХIасановна Заглиева. Хехго нилъедаса ратIалъарал…

Цо нухалъ дихъе ательеялде рачIарал гьел, раккана нижер гьитIинабго кафеялде ва дица хехго къячIигун буза лъуна цебе. Рукъ-бакIалде берги щвезабун, гьаб бакIалда нилъер миллияб хаслъи цIунараб кафе букIине кколаян чIванкхъотIун лъазабуна гьез. – Бихьулеб буго дуе гьеб бокьулеб букIин, цIунулеб букIинги, духъа гьеб бажаризеги буго, – ян абуна Мариямица.

Гьеле гьел руччабаз, дир ватIаналде ва кинабго умумузул рухIияб бечелъиялде бугеб рокьиги бихьун, итизаюна дун кафе рагьизе. Гьезде бугеб кIудияб адабалъ, инкар кквезе дидаги кIвечIо. Гьеб заманаялъ дицаго гIажаиблъи гьабулеб букIана, дир къячIиязул машгьурлъийилан, амма гьадинаб проект байбихьизе пикруцин букIинчIо. МахIачхъалаялда кидаго рукIана тIагIамалда кваназе бегьулел кафеял, амма миллияб хаслъи бугеб цониги букIинчIо.

Гьедин цебе ана иш. ХIажалъана дирго художествияб лъайги, кIодолгун эбелалъул малъа-хъваялги, хъизаналъул кумекги, киналго гъорлъ журан, гьединаб хъизаналъулго бизнес лъугьана.

Цебе бахъана кинабго Кули росулъ букIараб магIишатги: кверальъ рессарал туртал, салмагал, пахьул, резил тIарсал, гулгунал, парчиял, цебесеб цIaрагI. Кафеялда жанибги хIаракат бахъана рохьи-жужайги, жаниб лъураб къайи-къоноги, официантазда ретIелгицин данде ккезабизе. Цо къоялъулги цо моцIалъулги хIалтIи букIинчIо гьеб. Амма жакъа ниж рохун ва чIухIун руго нижерго хIалтIул хIасилалдаса. Гьеб лъугьана тумазул бокIонлъун, миллияб квен-тIех, ретIел-хит гуребги, мацIги цIунулеб, цIаги свине биччалареб бакIлъун. Дагъалги рохарал руго киналго дагъистаналъул миллатал нижехъе рачIунел рукIиналдасаги.

Кафеялъул цIаралде ирга щварабго, нижеца хIукму гьабуна «Инт» лъезе. Гьеб буго их. Биччан те гьенибе гали тIамурабго ихдалилаб рохалил асар рещтIине щивасул рекIелъе.

Кидаго пайдаял малъа-хъваяздалъун кумекалъе ратулаан дир дараччинкаби Мариям ва Рая, кинал цересел нигIматал менюялде росилелалиги бицунаан. Сахлъиялда хадур Германиялдегун Израилалдеги щун руссарал гьез, «Хъурунхъусса», ролъулги богIолги мугьал хъурун, карщ гьабейин гьарана. Гьеб квине кколин абун буго гьезда дора ратарал врачаз. Гьелдаса хадуб дагьабги якъинлъана дие, нилъер миллияб кухня бищунго пайдаябги регьунебги букIин. Гьеле гьединал нигIматаздасан гIуцIараб менюялда тIад хIалтIана дун кIиго соналъ.

Кафе рагьараб къоялдаса нахъе чIезабуна дица кьварараб низам: квен гьабизе бищун тIадегIанаб даражаялъул продуктаздасан, цIунизе ва тIиритIизаризе миллияб нигIматал, некIсиял кванил нигIматазул технологияздаса ва рецептаздса кьуричIого рукIине.

Бокьараб ишалъулъго гIадин, дирги руго проблемаби: цин токалъул напряжение гIоларо, цин печаллъ бежуларо, цин ролъ абураб сорталъул бачIун батуларо, цин нису цIекIаб бачIун батула, цин хIалтIухъан унтун ятула, хисизе чиги вукIунаро… Гьединал проблемаби рукIуна щибаб къойилго гIадин. Проблема гьечIого кинабго берцинго унеб бугони, гIажаибгоцин букIуна дие.

Кафе буго шагьаралъул гIадамал дандчIвалеб машгьураб бакI. ГIемерал туристалги рачIуна. ЦIаррагIарал россиялъул богогьабазгицин лъазарулел руго ГIабидат кIодол кванил нигIматал, къватIисел хIукуматазе мастер–классалги рихьизарула нижеца цо-цо.

Цоги нухалъ абила, нилъер миллиял кванил нигIматал бищунго сахлъиялъе пайдаял руго. Киназего кьолеб буго гIакълу: биччан те бищунго цебе нилъер столалда букIине нилъер умумузул квен, нилъее бищун гIагараб.

Жакъаги абизе кIоларо дун гIумруялъ гьаб пишаялъухъ урхъун йикIанилан. Амма кьварун абизе кIола дица кинабго дирго кодоэбелалъ, эбелалъ, инсуца ва кIудаинсуца малъухъе гьабулеб бугилан – ракIбацIцIадго хIалтIилей йиго, яхI-намус цIунун буго, гIадамалги рокьула. Гьеб бахIарчилъилъун батичIого букIинеги бегьула, амма киназдаго гуро гьелдаса чIухIизе кIолеб.

**Сулгият БУЛГАЕВА**

# ПатIимат Забихова

## НАГАГЬ МУН КЪВАРИДАБ...

Нагагь мун къваридаб къо тIаде ккани,
Къварилъи бикьулищ чияр чагIаца?
Чучизе захIматаб рухIи бихьани,
АскIор эхетулищ гьеб унтуларел?
Нагагь мискинлъиялъ гьоболлъи бани,
Ватулищ духъе квер бегьулев инсан?
Духъа бачIунелде балагьичIого,
Гьабулищ гьес кумек, гьадингойилан?
Нагагь согIаб унти саламгун щвани,
Ватулищ унтуе сабру кьолев чи?
Сакъатлъи тIаде ккун, бусаде ккани,
Ваккизе щвеладай ракI унтуларев?
Нагагь рокъоб-къватIиб питна ккванани,
Керен духъ унтулев ккеладай гьудул?
Дур гIумру гIаксалде нагагь тирани,
Таваккал дуй кьолев ккеладай инсан?
ГIумру кино гуро, сценарийги хъван
Нилъее бокьухъе рокьул роль хIалеб.
ГIумру макьу гуро, бокьухъе бихьун,
РорчIун рахъарабго билун тIагIунеб.
Анищазда рекъон гьеб хIебтIуларо,
Хиялазда рекъон гьеб хIалтIуларо,
Бихьаралда рекъон гьеб хисуларо,
Халикъас бокьухъе вачун гурони.
Батаги гьалмагълъи цо хIал ккун чIолеб,
Батаги гIагарлъи духъе квер кьолеб,
Батаги божилъи, рекIкI гъорлъ жубачIеб,
Гьерсий нуцIа къараб, лумарлъи тараб.
Ахир дица дуе гьарулеб буго:
Гьедин хIал бихьизе хъван батугеги.
ГIагарлъи батаги цо хIал ккун чIолеб,
Гьудулзаби щваги божилъи бугел.

## ХЪИЗАН ЦIУНЕ БИХЬИНАЛ

Рокьул кьучIалда тIад къалул рукъги бан
Кьерхине гьабуге жаниб гьава-бакъ,
ГIищкъул берзул чIораз тIаса бищараб
Хъизан чи кантIизе мисаллъун тоге.



Кидалдай гьарилин гьарун дуй щварал
Лъимал улбул чIаго бесдал гьаруге,
Сордо-къо кIочон тун данде гьабураб
МагIишат щущалеб гIилла ургъуге.
Бицен умумузул бухъуге питна
ГIемер бухъаразда гIемер батула,
Аби цIикIкIаразул калам къокъ гьабе,
КъваригIел гьечIелде бачуна ахир.
Гьаб дуниялалъул берцинлъи лъазе
Лъимадул бадибе магIу биччаге.

## ЛЪИМАДУХЪ ГIЮДУЛЕБ РАКI

Хиял гIемерлъиялъ гIадан гьечIелъуб,
ГIабдал кинигинан кIотун ятула,
Хабар гIемерлъиялъ бетIерги сверун,
Дунго дидехунго гаргалей йиго.
Лъималазул ургъел эбел-инсуе
Сундасаго цебе буго ракьалда,
Гьезул унтигун хвел хIехьезе ккарай,
ЭбелгIан гIажизаб жо щиб букIинеб?
Лъимадул рухIиялъ юхIарай эбел
ЯчIа мун дихъеги зияраталъе,
РакIалъул унтиги чохьол бухIиги
КIиязго цоцазе гIахьал гьабизе.





# Гьерсихъабазул агьлуйищ яги мекъи ккаралищ?

**БитIараб жо бицани, киданиги мекъи кколарилан вукIунаан мунагьал чураяв Гьалбацlов. БитIарабги буго. Гьерсаз буго кинабго хвезабун. Кидал нилъ гьадинал гьерсихъаби лъугьарал?**
**БитIараб ахIвал-хIал лъалеб бугони, кигIан рекIелъ рекъолареб гIадаб гьеб бугониги, кин гьеб битIизабилебали нух балагьизегIаги бегьула. Цо гьересиялда тIад цойги гьереси лъун, гьелдаги тIад цойги рекIинабун, гьеб гьерсил гохIалтIе дагьабги тIаде жубан, тIад кIусиялъул, щиб хIасил ккелилан ва кьелилан нилъ ругел?**

Нужеда дов толохIочав хан ракIалда вугищ? Дов пакъир ханни, гьерсал рицунел чагIи рукIунеллъицин лъаларев, Аллагьасул вали вукIун вуго. Гьединав вукIин лъан махсародеги ккун вуго. Ал нилъер «ханзаби» «валабиги» гуро, цониги нилъеца бицараб жоялдаги божуларо… Щайха гьерсал рицунел? Яги, битIарабги бицун, бугеб ахIвал-хIалги лъан, ракI кьвагьун ал тIадчагIи хвелилан хIинкъун, кири батулел гьерсал рицунелищ нилъ?

Гьанир рукIун шуршудун, дорехун рилълъун хьимхьидун рукIинчIого, щай бегьулареб битIараб бицине? Нилъер мурад щиб? Нилъ берцин рихьийищ, гьабулеб ишалъул хIасил ккейищ? *(Гьаб бакIалда ракI бацIцIадго жаваб кьезе кколаха нилъецаго нилъеего).*

Абеха, ле, бихьинчияс гIадин, валлагь, бетIерчIахъад, гьеб хIалтIи нижеца гьабизеги гьабичIо, гьабизе ракIалдаги гьечIо, ракIалде кканиги гьабунги бажаруларо, щибго гьабун бажарулел хIалтIухъабиги гьечIо нилъер, киналго гIарцухъ росарал руго… Мун тIасаги лъугьа, хIалчIахъад, дур ракI бакъвазабунилан, амма рагIи, гьедин бугоха аб магIладерил колхозалъул иш, - илан.

Абуларо. Канищнайила, дур кIалдиса къватIибе иналдего тIубазабунила, гьебги гьабунила, добги гьабунила, добцоябги гьабунила… цойги анцIго тIадкъай кьуниги, алхIам цIалилалде эб кинабгоги тIубазабулила….

Гьеб гьерсил гохI гIуна, цохIо гIарац щвей гурони тIокIаб мурад гьечIел чагIи нилъ лъугьаралдаса нахъе. Гьеб унтиялда цIарги буго жагьиллъи. Жагьилчиясул лъугьуна чIухIухъан, чIухIухъанасул – веццарухъан…

Чан чияс я букIинеселъул, я хадусел гIелазул гIумруялъул, я цебе букIаралъул, я хадуб букIине бугелъул пикру гьабулеб? Жакъа чехьги цIун бугони, чвантиниб гIарацги бугони, шагьар бакьулъ гьундулги ругони, гьоркь рекIун чIухIараб машинаги бугони, лъанги лъачIогоги бицунеб гIурус чIван ингилис чIван мацIги бугони, цо-цо диниял чагIазда жидерго чийин ккезе, гьоркьор речIчIизаризе гIараб рагIабиги лъалел ругони, къиямасеб къо чIчIаниги ургъел щибха бугеб букIинеселъул. Гьеб санагIалъабазул гох1 цIунизелъун рицине кколел руго дол гьерсал.

Дуньялалъул батIияб бакIалда гьединаб ахIвал-хIал бугони, сунца ккунха гьеб гьедин букIинаребилан абун тезе бегьилаан – Дагъистаниял гурищ



кинавго чиясда диналда рекъон кин хьвада-чIвадизе кколебалиги лъалел, киназдаго малълъаризеги лъалел, киналго как-кIалалъеги цIакъал, АхIулгохIтIе каки чури гьечIого ине бегьулареблъиги лъалел, гьенир гIурусазул суратал рукIине бегьулареблъиги лъалел, гьеб гуреб цойгидаб, гIисси-бикъинабги шаргIалде данде кколареб жоги хIехьоларел гIадамал? Аб дир хIалтIухъ дие щолеб гIарац хIалалаб бугодайилан щайха пикру гьабулареб? Унго-унгоги ругодайха дунги дир гьав васги инвалидалилан щай суал кьолареб? ХIалалго-бацIцIадго щварал кепказухъ гIумру гьабун чан чи вугев нилъер?

ГьабичIеб хIалтIи гьабунилан абун, борхьил мацI бицун, ришват кьун, хIелхIедун щвараб магIишатги, шапакъаталги, рарал рукъзалги, рекIарал машинабиги бегьулел руго. РекIетIаса ун гьабулеб бертин хIалалаб гIарцухъищ, хIарамаб гIарцухъищали цIехолеб гьечIо, амма гьениб умумулъанго батараб кечI ахIани, яги ихтилат-кеп гьабуни, хвана иш. ХIарам!

У, гьеб хIарам! Гьереси – хIалал! Ришват – хIалал! ХIелхIелчилъи ва хIалихьалъи – хIалал! Гьебгощинаб «шаргIалда данде кколеб» щинаб жоги гьабун щвараб магIишатги, магIишаталъул бетIергьанги – кутакав чи. Гьесие къулила, гьимила, нуцIа рагьизе векерила, бажарулеб бугони, хIежалде витIизецин квербакъила… щиб лъалеб пайда букIинеги бегьулелъул.

ГIадамазе, росу-ракьалъе, ВатIаналъе, хIукуматалъе, дунялалъе пайда бугел, киданиги кIочонареб лъалкI дунялалда толел, ахиратги кIочон толарел гIадамалги нилъеда гIемер лъала. Аллагьас кIодо гьареги! Гьездаса мисал босизе нилъееги къуват кьеги. Амма, гIадамазе пайда гьабизейищ дун вижун вугев, дир диего буго пайдайилан, дунял хачалел кьохорхабиги кигIанги лъала нилъеда.

БацIцIун хIарам кунел ругел чагIазул кинаб разилъунгутIи букIине кколеб гьаб сверухъ бугеб ахIвал-хIалалдаса. ГIайибиял щал?

Щиб бицаниги, малаикзаби нилъ гуро. ЛъикIал чагIиги квешаздаса гIемерал руго. РачIа цо, гьерсалги рицинчIого, ракIбацIцадго хIалтIиги гьабун, хIалалаб боцIиги кун цо лъагIел тIамизе КИНАЗГО! КIалагъоркье чIвараб аб жамгIият тIаде бахъунеб куц бихьизе. *(Байбихьи тIадчагIаз гьабизе кколаха, кинабго тIасанлъидал байбихьулеб).*

Намусалъул лагълъун ва напсалъул ханлъун вукIине тавпикъ кьегиха щивав бусурманчиясе!

**Баху МУХIИДИНОВА**



# УНГО – УНГОЯЙ МУГІАЛИМ!




Гlемерисез абула жидеца гьабулеб хlалтlи – иш гьитlинаб къоялдаса тlаса бищараб букlанилан. Гьедин абулеб буго МахIачхъалаялъул № 16 школалъул рахьдал мацlалъул мугlалим, «Лачен» журналалъул тумазул мацlалда бахъулеб басмаялъул редколлегиялъул член, «Илчи» газеталъул штаталда гьечlей мухбир, рахьдал мацlазда диктантал хъваялъул гlуцlиялъулаб комитеталъул член, Расул ХIамзатовасул цlаралда бугеб Миллияб библиотекалда цебесеб, «Лакку билаят» абураб, тумазул мацl лъазабиялъул культуриябгун лъайкьеялъулаб Централъе нухмалъи гьабулей Патlимат Юсуповна Гlалиевалъ. Гьелъ нижее бицана жиндир гьитlингоялдаса гьира букlанила мугlалимлъиялде.

Бицунелъул гьелъул берал рукlана кенчlелел ва гьелъухъ гlенеккун дида ракlалде ккана, гьале дой унго-унгояй «Бетlергьанасго кьурай мугlалим», – абун.

Патlимат Гlалиевна гьаюна Лак районалъул Щара росулъ гlияхъанасул хъизаналда. Гьоркьохъеб школа лъугlидал гьей ана гьира бугеб цlали гьабизе, лъугьана ДГПИялъул филфакалде. Хадусеб кинабго букlана киназулго гlадин. Ана росасеги гьаруна ункъо лъималги. Гьанже гьей ккола кlодоэбел.

– Цlакъ гьитlинго ракlалъ босана дие мугlалимлъи. Бокьун букlана дирго мугlалимзаби гlадинай лъугьине. Гьез бижизабуна дилъ ишалде унгояб рокьиги гьираги, ругьун гьаюна ургъизе, пикру загьир гьабизе, цlалдезе, дарс малъизе, лъималазда гьеб бичlчlизабизе, – ян бицана Патlиматица.

Жиндир ишалъул хlакъалъулъ гьелъ дагьабго чlухlигун бицунеб букlаниги, дун гьелда божана. Щай абуни, гьединай мугlалим дидаги тlоцее дандчlвана.

– Дица тlаса бищана дирго рахьдал мацlалъул мугlалимлъи. Гlагараб мацl дие жинда жанисан балагьун дунял бихьулебги бичlчlулебги матlулъун буго. Гьединлъидал дида батlияб рухl лъола хlалтlиялъ, дун гьелъ талихlайлъун гьаюла, гlумру аваданлъизабула.

– Жакъа мугlалимазда цебе чlун буго кlвар бугеб масъала. Гьез лъимал ругьун гьаризе ккола гlагараб мацlалда цlализе хъвазеги, ургъизеги ва пикру гьеб мацlалда къватlибе кьезеги. Кинха гьединаб гьира лъималазул бижизабилеб? Гlемерай лъималгун хlалтlун дида батана гьеб суалалъеги жаваб.

Анцlгогlан соналъ тумазул литератураги мацlги дица малъулеб буго хlадурлъиялъул батlи-батlияб даража бугел лъималазда. Гьединлъидал щибаб лъимадехун балагьизе ккола нух, щибалъе кьолеб тlадкъай, рокъобе хlалтlи букlине ккола батlияб. Шагьаралда гуребги росабалъги загlипаб буго гьанже лъималазул рахьдал мацlалъул кьучl.

Дарсазда интерактивиял къагlидабиги хlалтlизарун, хlаракат бахъула рахьдал мацlалдехун лъималазул берцинаб бербалигьи ва рокьи бижизабизе. Гьелде тlадеги дида батана, лъаялъул даража бащадал цlалдохъабазул къокъабиги данде гьарун, гьезулгун батlа–батlаго хlалтlи гьабиялъул лъикlаб къагlидаги, - ян абуна Патlимат Юсуповналъ.

– Дие бищунго хирияб шапакъатлъун буго цlалдохъабаз рахьдал мацlалда экзамен лъикl кьей, лъай ва гlагараб мацlалдехун бугеб рокьи бихьизаби. Дица лъай кьурал гlолилал гlемерал лъугьуна тlадегlанаб цlалул заведениязде. Гьелъги бохизабула ракl. Гьединго нижер школалъул лъималаз лъикlал бакlал ккола регионалиялги регионазда гьоркьоселги конкурсазда, предметалъулал олимпиадабазда, – абун разиго бицана мугlалималъ. Рахьдал мацlалъул мугlалим хlисабалда дир хlалтlи хlасил кьолеблъун букlиналъ, дун лъугьинаюла талихlайлъун ва дирго ишалдаса разияйлъунги.

Гьедин дирго хlалтlуе къимат кьолаго, дилъ бижана школа – дир гlумру кколилан абураб пикру. Кlвела дун талихlай гlаданилан абизеги. Дидаса талихlав

чи щивниги ватиларо. Щайгурелъул цIалдохъабигун хIалтIизе щвей буго кIудияб талихI. Гьединаб гIумру гьабизе щвеялдаса йохарайги йиго дун.

– Рокъор киналго кIалъазе ккола рахьдал мацIалда. Гьелъие тIоцее дунго цIалдохъабазеги гьезул эбел – инсуеги мисалияйлъунги йикIине ккола ва гьеб дида кIочонаро. Дир лъималаздаги гьезулги лъималаздаги лъим гIадин лъала тумазул мацI. Щайгурелъул дица рокъоб къватIисеб мацI бицине течIо лъималги, гьезулалги толаро. Дир лъабго вас Севералда руго цаби–гIусазул тохтурлъи гьабулел, яс абуни рукъги хьихьун лъималазул тIалабги гьабун йиго. Кир ва кин рукIаниги ракIалдаса ине тезе бегьуларо гIагараб ракьалде ва мацIалде рокьи букIине кколеблъи, – ян абуна ПатIиматица.

Гьелъие дагьабниги захIмалъи лъималазда рахьдал мацI лъазабулаго бихьун гьечIо, щайгурелъул жийго йикIун йиго мисаллъун ва гIагараб мацI, культура, гIадатал цIунизе кколеблъи лъималазда къойилго бихьулеб букIун буго. ПатIиматица мухIкан гьабун бицана анцIго соналъ цебе Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекалда жаниб жиб гIуцIараб, Лак мацIалъул Клубалъ гьабулеб хIалтIулги ва кколел ругел хIасилазулги хIакъалъулъ.

– Гьеб Клубалъул миллияб ва ватIан лъазабиялъул литератураялъул отделазулги кьучIалда нижеца группа рагьана. Нижехъе рачIуна журналистал, хъвадарухъаби, цогидалги рахьдал мацI бокьулел ва лъалел гIадамал. Къокъа кIудияб гьечIо, гьечIониги гьезда цере рахъине гIадамал рачIуна. Клубалде рачIунезда гьоркьор рукIуна гIолохъабиги харабигицин. Нижецаги гьел ратIа гьаруларо, мацIалде рокьи бугелщинал нижееги рокьула.

ПатIиматица бицана гьанже Миллияб библиотекалда ругила аваразул, даргиязул, лезгиязул, лъарагIазул, табасараназул мацIазул къокъабиги. Амма битIахъе мацI лъазабиялда тIад хIалтIи гьабулеб гIицIго тумазул гурони гьечIиланги абуна гьелъ. ХутIарал ругила культуриялгун лъай кьеялъул бакIаллъун. Гьенире рачIараз батIи–батIиял темаби гьоркьор лъолила ва рахьдал мацIалда гара–чIварулила.

Цадахъ хIалтIулез бицухъеги, ПатIимат ГIалиева йиго гIадамал хирияй, жигарай ва жавабчилъи гIурай гIадан. Гьей гIолохъаби ва цIалдохъабигун гIемер уней йиго тумазул театралде. ТIоритIулел руго тумазул шагIиразул, хъвадарухъабазул асарал цIалиялъул ва гьел гьоркьор лъеялъул данделъиял, гьел асарал цIалун жийго цее яхъуней йиго батIи – батIиял данделъабазда, юбилеязда, вечеразда. Гьединго гьелъ щулияб гьудуллъи ккун буго тумазул мацIалда рахъудел газет–журналалазулгун - «Илчи», «Цубарз», «Зунттал хъами», «ЧIавалачин». ГIемераб хIалтIи гьабулеб буго цIалдохъабазул умумузулгунги. Мессенджералда жаниб гьезул къокъаги рагьун, чIезабулеб буго кидагосеб бухьен, лъолел руго жиндирго дарсал. Гьеб киналъго гIемераб кумек гьабулеб бугила миллатал журарал хъизаназда гIолел лъималаздаги тумазул мацI малъизеян абуна мугIалималъ. Гьедин жинца цIалун рагIизарулила гьезда тумазул мацIалда ругел художественниял асаралги.

*Нижер хабар ккана киназдаго гIадлъараб, рахьдал мацIалъе сагIтал дагьал гурони кьолел гьечIилан абураб темаялда тIасанги. Анкьида жаниб кIиго сагIат гурони гьечIел дарсалги, гьединго гIоларел щоларел тIахьалги, цIиял методикиял пособиялги рукIиналъ школалда рахьдал мацI малъиялъул лъикIаб хIал гьечIольиялъе мукIурлъана ПатIимат ГIалиеваги.*

*– ЧIанда, – ян абуна гьелъ. – Гьанже тумаз рахьдал мацI къватIисеб мацI гIадин лъазабулеб буго. Дица абуни миллатцоязда гьарилаан рахьдал мацI умумуз нилъеда малълъарабго гIадин малъейин наслабазда абун…*

*Нижер хабаралъе ахир гьабун гьелъ рехсана Лев Толстой:*

*«МугIалимасе гIицIго жиндир иш бокьулеб бугони, гьев лъикIав учитель вукIина. ГIицIго цIалдохъаби рокьулел ругони, гьев дов гIицIго предмет бокьулесдасаги лъикIав вукIине бегьила. Гьеб кIиябго жубан ккани, ишалдехунги цIалдохъабаздехунги рокьи жиндир бугев абуни вукIина унго–унгояв учитель»*

*Гьеле гьединай, унго–унгояй мугIалимлъун йихьана дида ПатIимат Юсуповна ГIалиеваги.*

**Виолетта РАТЕНКОВА**





**Фаида Абубакаровна Ганиева ккола филологиял гIелмабазул доктор, ИЯЛИ ДНЦ РАНалъул грамматикиял цIех – рехазул отделалъул кIудияй гIелмияй хIалтIухъан ва Дагъистанлъул мустахIикъай гIелмияй хIаракатчIужу.**

**Гьелъул гIелмиял цIех – рехазул аслияб рахълъунги буго лексикография; лексикология; диалектология. Гьелъ хъвана 200 ялдаса цIикIкIун гIелмияб хIалтIи, гьезда гьоркьобе ккола хиналугазулгун гIурус словарги, лезги мацIалъул лексикаги, лезгиязул мацIалда гьоркьоб джабиназулаб ва къурушалъулазул мацIазул свериязул хIакъалъулъ ва цогидалги гIемерал кIвар бугел цIех – рехал.**

**Гьелъие щвана СССРалъул АНалъул Президиумалъул ва РАНалъул Президиумалъул ХIурматиял грамотаби; Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъул Грамота, «ЗахIматалъул ветеран» абураб медаль, гьединго «Дагъистаналъул яхI ва чIухIи – Меседил цIва» орденги.**

# СЛОВАРАЛ ДИЕ ЛЪИМАЛ РУГО

Фаида Абакаровна Ганиевагун дандчIвазе хIадурлъулелъул интернеталде раккидал баянлъана гьелъухъ гIемераб информациялъулаб материал букIинги. Аслияб къагIидалда гьеб буго мацIазда тIад хIалтIулаго жинцаго данде гьабураб. Нижер абуни мурад букIана батIияб, бокьун букIана жийго гьей гIалимчIужуялъул хIакъалъулъ лъазе ва бицине. Кинал анищал гьелъул рукIарал, кинал гIумруялда рахъарал, кинха гIелмуялде жание лъугьарай ва щиб гьениб ккарабали лъазе…

Гьелъухъе рокъоре щведалги нижеда бихьана гIелмиял гIадамазул букIунеб гIадатияб ахIал – хIал: гIалимзабазул букIунеб стол, гьелда тIад рагьаралги къаралги тIахьал, словарал, ноутбук, цIороберал, ручка – къалам.

Гьединго бугоан лъикIаб ракIа – рахариги, къайи – цIаялъул рекъейги. РагIунги букIана гьей кутакалда рацIцIа – ракъалъи цIунулей гIадан йигилан ва гьеб нижер бераздаги бихьана.

– Нижер хъизаналда рукIана лъабго яс. Дун гьезда гьоркьой гьитIинайги ккола. Эбелалъ нижеда цудунго малъана рокъоб гIадлу цIунизе ва рацIцIа – ракъалъи гьабизе. Гьелъ нижго тIамулаан кинабго гьабизе. Гьединаб тарбия нижее хадуб гIумруялда гIемерго кумекалъеги батана. Школалда дун лъикI цIалулаан. ЧIахIиял яцаз техникум лъугIизабуна, дун абуни ана институталде ва лъугIизабуна филфак. ЛъачIого ана цIалул соналги, дица гьеб гъираялдаги гьабуна.

Амма гIалимчIужу яхъинилан ракIалдаго букIинчIо. Росулъе юссиндал хIалтIана школалда. Ана росасе. Хадур росгун ниж гочана Бакуялде. Гьенийги кIиго соналъ школалда гIурус мацIалъул мугIалимлъун хIалтIана.

Хъизаналъулаб гIумру дие битIичIо. Гьединлъидал дун рокъое ячIана ва цIидасанги школалде ана хIалтIизе. Лъаларо, росасе иналдаса ракIбухIунищ букIараб яги гьабулеб хIалтIи гIоларогойищ ккарабали, дир рекIее рахIат гьечIеб хIал лъугьана. Гьеб заманалда рагIана МахIачхъалаялда институталде мацIалъулал аспиранталлъун росулел рагIулилан хабар. ХIукму гьабуна хIалбихьизе… Гьедин I967 соналъ дун яхъана аспиранткалъун.

Кандидатлъиялде хъвараб диссертациялъул темаги букIана джабиназул диалект. Гьеб буго Ахтыялда гIагардисеб ва жидерго хасаб свери мацIалъул бугеб росу. Дир киналго хIалтIаби руго мацIазда ва гьезул сверабазда, лексикаялда, хаслъабазда хурхарал. Кинабго цIех – рехалъулаб хIалтIиги ккола кабинеталда йикIун гьабизе щолареб, гIемерай хьвадун балагьизе кколеб.

ГIемерал рукIана сапаралги, экспедициялги. Араб 54 соналда жаний 54 нухалда гIахьаллъана экспедициязда. Мисалалъе, цохIо Хиналуг росулъе гIелмияб цIех – рехалъул сапаралъ I2 нухалъ щун йиго дун. Гьебги буго Азербайджаналъул, жиб борхалъуда бугеб росу. Церегоялда хунагалъулаз магIишат гьабула гIи – боцIиги хьихьун, гIицIго

гьеб хIалтIи – ишалда уна гьезул гIумруги. Цогидал мугIрузул росабалъго гIадин цоцада цун, тIатIала рарал минабиги руго гьенир. Автобусалда дун ячIиндал гьел диде данде рекерун рачIунаан. Бихьана гьениб бугеб захIматаб хIалтIиги гIумруги.

Бихьинал риидал хъахIлъи барабго уна рецаризе яги рохьдоде. Гьединлъидал бакIалъул мацI лъазабиялда тIад дун руччабигун ва лъималгун хIалтIулаан. Гьанже гIемер ратани, азарго чи гIолареб гьезул мацI буго захIматабги бечедабги. Гьедин захIмат бихьун данде гьабураб материалалъул кьучIалда дица хъвана монография ва гIуцIана словарги. Хъвай-хъвагIайги гьечIеб гьеб мацIалъул хаслъи лъазаби – кIудияб ишлъун рикIкIуна. Щайгурелъул словаралдаса пайдаги босун гьеб бокьараб мехалда цIигьабизеги бегьула. Гьединал экспедициял цогидал бакIаздеги гIемерал гьаруна.

Бицунебги гьоркьоб кьотIизабун пикрабалъе ккана гIалимчIужу. Гьелда цере тIамулел рукIун ратила щваралщинал бакIалги букIараб хIалтIиги…

- ЧанцIулго дун дидего ягъулаан гьебгощинаб хIаракат бахъи дуе щайилан. Амма батIайиса дихъа лъугьунеб букIинчIо. ГIемерал сонал рарай дида лъала месед пахьудаса батIа гьабизе. Цебего бичIчIана тIаде босараб иш ракIбацIцIадго тIубазабизе кколеблъи. Нилъер хIаракаталъе рекъон кколеб къимат кьечIого хутIуларо. ГIиси-бикъинабилан щибго тезеги бегьуларо. ГIумруялъ лъазаруна дица мацIал. ГIемеразда ракIалде кколеб батизе бегьула гьеб гIададисеб иш бугиланги, киназдаго гуро бихьулеб гьел мацIал цIуниялъул бугеб кIварги мурадги. Халкъалъул мацI ккола кIудияб хазина, цогидазда жиб релълъинчIеб дунял. Щибаб мацIалъулъ руго жидерго биценал, абиял, бегIерал каламал, ратула гьел кинго руссинаризе бажаруларелгицин. МацI букIана, буго ва кидаго букIина гьеб халкъалъул хаслъи жиндилъ бихьулеб ва цIунулеб кумеклъун.

Гьединго мацI рикIкIине бегьула чIагояб жолъунги. Гьеб механизм кколаро, конструкцияги гуро, гьеб буго чIагояб организм, бижулеб, холеб, унтулеб, херлъулеб… ва жеги гIемерал жал лъугьуна мацIалъулгун. Нилъеда тIадаб буго мацIал цIунизе. Гьеб тIадаблъун ккола гIицIго гIалимзабаздаги мугIалимзабаздаги гуреб, тIолабго халкъалда. Щивасда лъазе ккола жиндирго рахьдал мацI, ургъизеги ккола гьеб мацIалда.

Диего лъимал кьечIо, гьелде ругьунлъунги ккана, амма дица лъималилан тола дирго монографиялги словаралги…

ГьабсагIаталда хIалтIулей йиго диалектологическияб словаралда тIад. Лезги мацIалда кинал рокьаниги словарал руго гIицIго камун буго диалектологиялъулаб. ТIаде босун гьабулеб буго гьеб, чанги сардал рогьун, макьу тунги хIалтIула, лъугIизабизе бокьун. Дица гьебги рикIкIуна дирго борчлъун. ГIицIго цо гIалимчIужу хIисабалда гуреб, гьадинго гражданин хIисабалдаги гьабизе ккола гьединаб хIалтIи.

КIудияб хIурматгун бицана Фаида Абубакаровналъ тIоцебе лезгиязул словарь гIуцIарав гIалимчи МухIамад ХIажиевасул хIакъалъулъ. Гьев кколила лингвистикалъул кIудияв гIалим. Гьес жиндир доктористикалъулаб хIалтIи, цIунилалде цебе цIализе кьунила, доб заманалда бищунго ритIухъаллъун жал рикIкIунел рукIарал, гуржиязул гIалимзабазухъе. Гьезул рахъалдасаги тIадегIанаб къимат щун букIанила МухIамадие. Гьесул лексикологиялъул, лексикографиялъул ва синтаксисталъул хIакъалъул хIалтIаби жакъаги ругила кьучIаллъун ва гIалимзабаз хIалтIизарулеллъун.

Гьединго гьелъ бицана ГIунейзат Мейлановалъул хIакъалъулъги. Дой йикIанила дагъистаналъул



бищунго гвангъарал гIалимзабазул цояй. ГIемерал соназ хIалтIанила жий гьелъул нухмалъиялда гъоркь. КIудияй гIалимчIужу ва жамгIияй хIаракатчIужу, Советил руччабазул комитеталъул член ГIунейзат Мейлановалъ хIадур гьарунила, хадуселъ жал гIалимзабилъун рахъарал, гIемерал филологал – К. Керимов, В. Кикилашвили, С. Махмудова ва жий Фаида Ганиеваги.

Фаида пашман гьаюлеб жолъун бугоан гьанже гIолахъабаз лингвисикалде кIвар кьолеб гьечIолъи. Пачалихъалъ чара гьечIого ургъизе къваригIун бугила гьеб рахъалда хIалтIи лъикIлъизабиялъе рекъараб программа ва мацIал церетIезаризе кколилан абуна гьелъ.

Бихьулеб букIана Фаида Абубакаровна унго-унгоги ракI унтун хIалтIулей ва лъугьун бугеб ахIвал – хIалалъ рахIат толарей гIалимчIужу йикIин. Гьединал гIадамал нилъеда гьоркьор рати кIудияб талихIлъунги бихьана. Фаида Ганиевалдаса мисал босизе бегьила хIалтIулъги, гIелмуялъулъги, гIумруялъулъги!

**Сулгият БУЛГАЕВА**




Дир гIумруялъе къимат кьезе бегьула «ЗахIаталда рекъараб хIурмат» абун. Дир эбел-эмен рукIана Сергохъала районалдаса, гьел хIалтIана «Дагъдизель» заводалда. Дунги гьитIинго ккана каспийскалъул дурусаб механикаялъул заводалде. Байбихьана электромонтажницаялъул махщалидаса ва хехго ишалде гъорлъе ккана – лъикIал рукIана дир насихIатчагIиги гъункараб ккана бригадаги. Гьеб кколаан комсомолазулгун гIолилазул захIматалъул цебехъанлъи бихьизабулеб коллектив ва дунги гьений лъикI хIалтIана. Гьединлъидал дун гIемер гIахьаллъулаан батIи-батIиял дандчIваяздаги. Гьедин бихьулаан гIумруги лъалаангIадамалги. ГIемерай щолей йикIана школаздеги цогидал лъималазул гIуцIабаздеги, гIахьаллъулаан гьезул батIи-батIиял тадбираздаги. Комсомолалъул берзукьа рорчIизе доб мехалда цIалдохъабиги гIолилалги толароан. Октябренresponse пионеразул, комсомолалъул гIуцIабаз тарбия лъикIаб кьолеб букIана. Дица абиларо кинабго доб мехалдаги лъикI букIанилан, кинабго рахъ рекъон киданиги букIунебги батиларо, амма советияб заманалда тарбия – лъай кьеялъул иш гIемерго лъикI букIана.

Ваху МухIамадовна ГIусманова ккола советияй ва россиялъул пачалихъалъул, жамгIияй хIаракатчIужу, СССРалъул Верховный Советалъул анцIабилеб ахIиялъул депутат, ВЛКСМалъул ЦКаялъул член, ВЛКСМалъул XIX ва XX съездазул делегат, Москваялда букIараб, студентазулгун гIолилазул XII фестивалалъул гIахьалчIужу. Гьей йикIана ВЛКСМалъул Каспийск шагьаралъул комитеталъул тIоцеесей секретарьлъун, КПССалъул Каспийск шагьаралъул секретарьлъун, Каспийск шагьаралъул УСЗНалъул начальниклъун. Гьелъие щвана ЗахIматалъе Рецц абураб, 3 даражаялъул Орден, яхъана Ленинилаб комсомолалъул премиялъул лауреатлъун.



# ЦЕРЕГОСЕЛ ЖИЛДАЗДАСА

Заманалдаса дун ккана заводалъул комсомолалъул комитеталде, хадуй йищана ТӀолгосоюзалъул съездалде ва гьений дун йосана ВЛКСМалъул ЦКялде. Дир жигарчилъиги бихьун, тӀадкъана шагьаралъул комсомолалъул комитеталъе нухмалъи гьабизе. Гьелдаго цадахъ дун цӀалулейги йикӀана, хӀалтӀиги гӀемераб букӀунаан. Байрамазул ва гьединго гӀодоркъоял рукӀана бищунго захӀматал, камулароан гьарулел тадбирал. КигӀан захӀматабин кканиги, гьеб хӀалуцараб гӀумруялъ гӀемераб хӀалбихьи кьолеб букӀана ва дир хӀаракатчилъи гьелъие гӀуна.

Билълъараб гӀадаталда рекъон, дица гьеб битӀараблъунги рикӀкӀуна. Доб заманалда киналго жавабиял гӀадамал, политикал, жамгӀиял хӀаракатчагӀи хӀадур гьарулел рукӀана бищунго гьитӀинаб ишалдаса байбихьун ва гьедин гьел гӀолаан унго-унгоял профессионалаллъун.

Гьеб заманалде дун цӀализе лъугьун йикӀана ДГУялъул экономикияб факультеталде ва сессиялги кьолаан цогидазда цадахъ. Дие бокьулаан гвангъараб къагӀидаялда гӀумру гьабизе, йихьуледухъ йикӀине, тӀокӀлъиялда кинабго гьабизе ва киналго дир ишазе дицаго хӀукмуги къотӀизе.

Гьединаб ахӀвал-хӀалалда дун йищана СССРалъул ТӀадегӀанаб Советалде депутатлъун. Гьеб кколаан жамгӀияб тӀадкъай ва дирго ишаздаса эркенги гьаюлей йикӀинчӀо. Гьелъул гӀаксалда, тӀадеги цӀикӀкӀана хӀалтӀи. ДандчӀвазе кколаан избирателалгун, тӀуразе кколаан гьезул тӀадкъаял, ине кколаан сессиязда гӀахьаллъизе. Гьединлъидал дун ругьунлъана заман цӀуна-къан хӀалтӀизабизе.

Депутатлъун йигеб заманалда дица тӀубазабичӀеб цониги тӀадкъайги хутӀичӀо. Министразги цогидал жавабиял хъулухъчагӀазги дун къабул гьаюлаан ва гӀолохъанай депутаталъул тӀалабал ва гьарииял нахъчӀвалароан.

Гьел соназда лъугьана дун партиялде ва гьабсагӀаталъги йиго коммунистазул кьеразулъ, гьанже доб партия гьечӀониги. Дида бичӀчӀула заман хисун букӀин ва жакъа гӀемерисеб дие кинго къабуллъичӀо!

Дица тӀадегӀанаб партшкола лъугӀизабураб сооналде данде ккана СССР биххи. Балъго гьабиларо, дие гьеб букӀана унго-унгояб талихӀкъейлъун. Гьединаб гучаб ва лъикӀ гӀуцӀараб улка ракӀалдаго гьечӀого биххиялъ хагазаричӀел гӀадамал гӀемералги рукӀинчӀо. Гъоркь букӀараб биххидал, гьелъул бакӀалда гӀуцӀулебги щибго букӀинчӀелъулха. Кибго лъугьана чӀунти. Гьаб жакъаги цӀигьабун бахъунеб гьечӀо социалияб, жамгӀияб, магӀишаталъулаб гӀумру. 90 сонал лъугьана Россиялъе хӀалбихьиялъулаллъун.

Улка биххун хадуб чанго соналъ дун хӀалтӀана налогазул инспекциялда. 90 абилел соназул бакьулъ Каспийскалда мэрлъун ккана дида цадахъ партиялъул хъулухъазда вукӀарав Руслан ХӀажибеков ва гьес дун ахӀана социалияб рахъалъ гӀадамал цӀуниялъул Управлениялъе бетӀерлъи гьабизе. Гьений хӀалтӀана 23 соналъ. Абизе кӀола гьеб хӀалтӀиги дица гӀадамаз баркала кьоледухъ гьабунилан. КӀвараб кумек гьабуна лъимал гӀемерал хъизаназе, мискинал гӀадамазе, инвалидал ва сакъатал чагӀазе. ХӀалтӀи документаздалъун гьабулеб букӀиналъ кӀудияб



кIвар кьезе кколаан гьел ритIун гIуцIиялде ва заманалда щвезариялде. Дагьабниги рес бугеб хIал бихьани, нижеца пособия щолеб хIал гьабулаан гIадамазе. Дица хIалтIухъабаздаса тIалаб гьабулаан киналго кумекалда хадур рачIарал гIадамаздехун адабалда рукIине ва кIвараб кумекги гьабизе. Гьениб аслияб кумек букIуна документал ритIун цIеялъул, церенахъе хьвадизаричIого, къваригIел тIубаялъул.

Дун гьение хIалтIизе ячIарал захIматал соназда нижехъе хьвадулел гIадамазул цIакъго ресукъаб хIалги букIана. ГIемерисел гьел кколароан социалияб рахъалъ цIуниялъул категориялде гьоркьореги. Гьединаб хIал бихьидал, дида ракIалде ккана шагьаралда ругел ресукъал гIадамазе кумекалъе хасаб фонд рагьизе. Гьеб хабаргун ана мэрасухъе ва гьес бачIинахъего дир пикру ва къасд къабул гьабуна. Гьедин гIуцIараб фондалъул кумек абуни гIемерал гIадамазе щвана. Нижеца гьезие рикьулаан нигIматалги, кьолаан дарабиги, лъикIлъизарулаан гIумруялъул шартIалги, босулаан ретIел-хьитги. Гьеб фондалдаса кумек щварал гIадамаз гьанжеги баркала кьола нижее. ГIемеразда доб лъикIлъи кIоченчIо.

Кьо лъугIулеб букIана ниж Вахугун хабаралда рукIаго. Гьелъ бицана кин мэразулгун, министразулгун хIалтIи гьабулеб букIараб, доб заманалда букIараб ахIвал-хIалалъул, ккарал хиса-басиязул, диналъул ва гIемераб цогидалъулги хIакъалъулъ.

– Дица гIумру гьабуна гIадамазул гIайиб - гъвелал щолаередухъ, ай гьезие мустахIикълъулаередухъ. ГIезаруна гьединалго лъималги, гIолел руго лъабгоял лъималазул лъималги. Дир кIудадаги кIодоги рукIана диниял ва мунагьалдаса хIинкъарал гIадамал. Динги гьез ракIалъ, жидеего гьабулаан, кIалалги толароан. Абизе кIола дир кIодогIадин мухIканго диниял шурутIал тIуразарулел гIадамал гIемерал ратиларин. Гьелъ Къуръанги цIалулаан, гIарабги лъалаан. Сергохъалаялда Муслимат кIодо рикIкIуней йикIана валилъун. Доб заманалда дин гьабулел чагIиги дагьал рукIана, кутакалда гьукъичIониги, гьеб рагьун гьабизеги толароан.

Жакъа абуни киналго руго мугжулги риччан хиджабалги ретIун, амма унго-унгояб божиги динги гьечIо. Гьениб, нилъер, чIахIиязулги батилин ккола гIайиб. Дида гьанжеги ракIалде ккола сверухъ ругел гIадамазе кумек гьабигIадинаб кири бугеб жо щибниги букIинарилан. Ва кидаго хIаракатги бахъула, рагIудалъун букIа квералдалъун букIа, кумек гьабизе. Гьанже араб гIумруялъул хIисаб гьабизе лъугьиндал бихьулеб жоги буго дидаса кумек гIезегIаназе щвараблъи. Гьеб кIочон течIезе кIудияб баркалаги буго. РакIалдаса араздеги гIайиб гьабиларо, гьебги кIудияб къварилъи гуро, дица баркалаялъе гIоло гурелъул гьеб гьабулеб букIараб…

**Сулгият БУЛГАЕВА**




# ХАЛКЪИЯБ КЕЧI – РУХIИЯБ БЕЧЕЛЪИ

Зугманатил цIар рагIана гIицIго гIагараб Гъайтагъалда гуреб, сверухъ ругел районаздаги. Гьей гьайбатай гIаданалъул хIакъалъулъ къоялъги бицине бегьула, амма захIмалъула киналго тIокIлъаби каламалдалъун загьир гьаризе. Гьей лъикI лъазе бокьани, гIенеккизе ккола гьелъул пасихIаб каламалъухъ магIнаяб кечIалъухъ. ГIажаибго берцинаб гьаракь, гьаркьида рекъезабулеб бакъанги рагIидал гьелъул кечIалъ гьаваялде росун уна, ракI пархезабула, пикру боржанхъизабула.

Зугманат Сиражудиновна Чупановалъ гIумруялъ рохизарулел руго гIадамал кочIодалъун. КечI ахIулаго гьелъ рагьулел руго ракIал, кьолеб буго рокьи, хинлъи, лъугьинабулеб буго аваданлъиги. Гьединлъидал гьелъие залалда тIолазго хьатги чIвала.

Махщалие ругьунлъулаго дагьаб гуро захIмат бихьараб кочIохъаналда. Гьей ккола ракI–ракIалъ халкъалъе хьулухъ гьабулей ва жиндир махщел камиллъизабиялда тIад кидаго хIалтIулей хIаракатчIужу. Гьедин гьелъулъ загьирлъана тIадегIанаб гьунарги.

Зугманатида махсародего гIадамаз «агъач – хъумузалъулайилан» абула. Жеги гьитIинго ругьун гьаюн йиго гьей эмен Сиражудин Чупановас чанго батIияб инструменталда бакъназ рачине. Гьес жинцаго гьарулел рукIана хъумузал ва рачунел рукIана гьезда бакънал, ургъулел ва ахIулел рукIана кучIдул. Зугманатил эмен вукIана Хайдакъ районалъул культураялъул отделалъул нухмалъулев, сверухъго рагIарав кочIохъан ва киналго художествениял хIадурлъабазул жигарав гIахьалчиги. Гьезул хъизаналъего рокьулаан некIсиял халкъиял кучIдул, бакънал ва кьурдаби.

Зугманат жеги гьитIинго йикIана гьелъул эбел–эмен Маджалисалдаса гIумру гьабизе Южно – Сухокумскиялде рахъараб мехалъ. Гьений ана гьей школалдаги ва кидаго художествениял кружоказулъ гIахьаллъулей йикIана. Хадуб ДГПИялъул къватIисел мацIазул факультетги лъугIизабун, кIиго соналъ хIалтIана Дахадаевск районалъул Трисанчискиялъул гьоркьохъеб школалда ингилис мацIалъул мугIалимлъун. Гьениб бижизабуна Зугманат Сиражудиновналъ жиндехун кIудияб хIурматги, буссинабуна кIварги. Амма къисматалъ гьей цIидасанги ячана жиндирго гIагараб Маджалисалде ва гьанжеги гьений хIалтIулей ва гIумру гьабулей йиго.

I994 соналъ гьей тана Культураялъул рукъалъул директорлъун. КIиго соналдаса гьелда тIадкъана районалъул культураялъулаб Централъул гIуцIиялъулабгун методикияб отделалъе нухмалъи гьабизе. Районалъул культура цебетIезабиялъе гьабураб лъикIаб, кIудияб хIалтIухъ, 2002 соналъ Зугманатие кьуна «Дагъистан Республикаялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб хIурматияб цIар.

Зугманат Сиражутдиновна ккола кутакалда лъикI хIалтIи гIуцIизеги бачинеги лъалей нухмалъулей. Гьединго буго лъикIаб гьунар кечI ахIизеги. Гьелъ кIудияб бакI ккола халкъияб некIсияб, миллияб культура цIуниялъеги цебетIезабиялъеги. Лъазарула лъарагIазул некIсиял гIадатал ва ахIула гьанжесел миллиял кучIдул. ЧанцIулго йикIана гьей республикаялъул конкурсазул лауреатлъунги дипломантлъунги. Гьединго, Зугманат яхъана «Терек – Гьудуллъиялъулаб гIор» абураб, Северияб Кавказалъего гIаммаб, культуриябгун искусствоялъул фестиваляльул лауреатлъун. ГIемерал щвана гьелъие грамотаби, дипломал. Культураялъул министерствоялъ Хайдакъ районалъул администрациялъ гьелъие гьаруна къиматал сайгъатал.

Зугманатица кечI ахIула Дагъистаналъул гIемерал мацIазда: лъарагI, дарги, азербайджан, лезги, чачан, гIурус, цыган. Руго кочIохъаналъе рокьулел, мисал босулел кочIохъабиги – Бурлият Ибрагьимова, Зайнаб Махаева, Хадижат Ибрагьимова, Бурлият Эльмурзаева, Роза Макъсумова ва цогидалги.

Гьелъул эбел–эмен Сиражудиница ва ПатIиматица гIезабуна анкьго лъимер – щуго вас ва кIиго яс. Киналго гьел гьанже гIурал чагIиги ккола. Ва киналго гIуна бакъназул сверухълъиялда ва кечIги ахIула батIи – батIиял инструментазда. Хайдакъалдаса Чупановазул хъизаналъул ансамбль республикаялда цебегоялдаса лъала. ГIадамаз гьел кирго лъикI къабулги гьарула. ГIемерал хутIичIо гьезул ансамбль щвечIел районалги. Гьез МахIачхъалаялда тIобитIана «Хъизаназул ансамблязул конкурс», Избербашалда тIобитIана лъарагIазул кочIол байрам, гьединабго байрам, «Ракь – дир бечелъи» абураб цIаралда букIана Гъаякенталда. ГIахьаллъана гьел Гъарабудахъкенталда ва Кафыр – Гъумухъалда тIоритIарал конкурсалъулал фестивалазда. Гьезул хъизаналъул ансамблялъ бергьенлъи босана, Нижневартовскалда тIобитIараб, патриотикиял кучIдузул конкурсалдаги.

Абула гьиралда хIалтIудеги хIалтIудаса рокъовеги унев чи талихIав вукIунилан. Гьединай гIадан ккола лъарагIазул машгьурай кочIохъан Зугманат Чупановаги. Кинабго жиндир бажари – гьунар хъизаналда щванилан абуна гьелъ. Гьединго гьелъ баркала кьолеб буго яс Фирузаеги кинабго гIагарлъиялъеги.

– Гьел рукIинчIелани дун кочIохъанлъунги яхъинароан, цогидал ишалги лъугьинароан. Гьез кидаго кумекалъул кверчIвай гьабула дие, – ян абуна гьелъ.

***– Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан Зугманат Чупановалъ кIудияб бакI ккола гIемермиллатазулаб нилъер культуралъулъ. Бащдаб гIасруялдаса цIикIкIун заманалъ цебетIезабулеб буго гьелъ миллияб музыкалияб искусство. Гьей йиго творчествоялъулаб гьиралда, къуваталда ва бажариялда. Жиндирго хIалбихьи гьелъ бикьун кьолеб буго гIолохъанаб гIелалъеги. Дица гьелъие гьарула сахлъи, талихI, гьабулеб ишалъулъ битIккей ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби, – ян абуна районалъул культураялъул Централъул директор АхIмад Сулейбановас.***

***– Нижеца щибаб къоялъ гьиралда дандчIвай гьабула нижер кIудияй яц Зугманатилгун. Ниж киналго гIуна гьелъул творчествоялда цадахъ. Кидаго хинаб букIуна гьелъул гIадамаздехун бербалагьи, магIнаял ва хIасратал руго кучIдулги, кидаго чучлъичIеб рокьи буго гIагараб ракьалде ва районалдехунги, – абун бицана кочIохъаналъул хIакъалъулъ цоги Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан Султанат Шахвалиевалъги.***

**Сайгибат ГIАБДУЛКЕРИМОВА**
**Хайдакъ район**

# ЦIалдохъабазде ЦIадаса ХIамзатил хитIаб



Хириял цIалдохъаби, цояб бихьичIого, цояб лъаларо. РахIаталъул къимат гьабизе ккани, захIмат бихьарав вукIине ккола. Нужеда ракIалде ккезе бегьула, гьаб нужерго гIадинабин некIсияб заманалъул цIалдохъабазулги рукIа-рахъин ва хъвай-цIали букIарабан.

Цебеккун, цIакъго къанагIат гурони, школа букIинчIо. БукIарабги, бечедал гIадамазул лъималазе гурони, мискинзабазе рагьараб букIинчIо. Мискинзабазилан абуни, гьезул цо-цо тайпаялъ, жидерго лъимал кьолаан батIиял росабазул дибирзабахъе цIализе. Дунги гьедин кьурав вукIана.

ЦIалиги рукIа-рахъинги нижер мажгитахъ букIана. Бусенги нижер –тIимугъ, тIад балеб юргъанги – хIулараб цIаха. Стол, бакI нижер букIинчIо. Портфель, чемодан щиб жояли нижеда лъалеб букIинчIо.

Шкафалъул бакIалда щакъи-къалам, тIахьал лъолеб жо нижер мажгиталъул бокIназда нижецаго гьарурал рукIнал рукIунаан. Гьанже гIадинаб нарт къваригIунареб чирахъги ва кIкIуй кIанцIулареб цIаги цебеккун букIинчIо. Мажгиталъул бакьулъ борхатаб гамачIги лъун, гьелда тIад кIудияб нахул чирахъги бакун, сверун, гор гьабун, накабазда гIодорги чIун, букIунаан нижер тIехьалде балагьи ва дарсал цIали.

ЦIалулеб дарсги нижер сордо-къоялда жаниб цо гурони букIинчIо, гьебги дибирасул ихтиаралда бараб букIана. Дарсал гьоркьор риччазе дибирасе цо гьитIинабниги багьана гIолаан.

НекIо цIалдохъабазул партал лъица чурулеб букIараб, лъица букъулеб букIараб? Лъел цIолев щив вукIарав? ЦIа бакулев щив вукIарав? Квен гьабулев щив вукIарав?

Кинабго жо жидецаго гьабулаан. Ниж рахъине кколаан росулъе щибаб къоялъ радал, ялъуни бакъанида, бакизе жоялда хадур. Гьединго ниж щвезе кколаан щибаб рузман сордоялъ рукъ-рукъалъул кIалтIе, гарбида хулжалги ран, ханжу гьаризе. Ханжуги нижер гIункIкIаца рукъарал къучIбухъ букIунаан. ХинкIалги нижер жив-живасул хасаб гIуж барал рукIунаан.

БитIараб буго, цо-цо росабалъ тIибитIараб гIадат букIана щибаб рукъалдаса цо-цо гьегь наккдалги борцун, цIалдохъабазе "кумек" гьабулеб ва, гьеб наккдада цIаги бакун, цIалдохъабаз квенги гьабулеб.

Гьеб накку хъирщулаго, ана дирги гIумру. КигIан гIемераб заман гIелмуялда тIад кьуниги, ниж мурадалде щолел рукIинчIо. Инженер, техник, ялъуни врач ва гьезда релълъарал цоги махщалилал нижеда жанир рахъунел рукIинчIо.

Гьединаб букIана некIо цIалиялъул гIумру. Нуж талихI бугеб гIумруялда дандчIван руго. Нужее щвараб ресалдаса пайда босе.

Нуж, халкъалъул тIугьдул, ВатIаналъул чIухIиги рохелги! Нужер бищунго цебесеб мурад ВатIан букIа! Нужер бищунго ракI биччараб гьудуллъун тIехь букIа! Нуж цIале ва хIалтIе ВатIаналъги халкъалъги баркалаян абилеб хIалалъ.

*ЦIадаса ХIамзат*

*1941с.*

**РИЧIЧIУЛАРЕЛ РАГIАБИ:**

*НекIсияб – старинный, древний*
*РукIа-рахъин – быт, житьё*
*Мажгитахъ – при мечети*
*ТIимугъ – шуба, тулуп*
*ЦIаха – горский палас*
*Щакъи-къалам – чернила-карандаш*
*БокIназда – в углу*
*Бакьулъ – в середине*
*Партал – одежда*
*Лъел цIезе – набрать воды*
*Бакизе – зажигать, зажечь, разжигать*
*Баккизе – появиться, показываться, высунуться*
*Бакизе жо – что либо разжечь*
*КъучIбухъ (къвачIа, къучIби) – в мешках*
*ГIуж бараб – помеченный, отмеченный*
*Гьегь – корзина, плетёнка*
*Накку – полова, мякина*



# Журнал в журнале

Фото Айшат Саидмагомедовой

# Советы птички-невелички



Жила некогда старушка, муж у нее давно умер, и пришлось ей приютиться в доме невестки. А невестка та была злой и ехидной. Сама ела белые пампушки, вкусные блюда, а старухе давала лепешки из серой муки и больше ничего. Частенько старухе приходилось голодать.

Чем дальше, тем хуже обращалась невестка со старухой. Стало старухе жить совсем невмоготу. Однажды вышла она на улицу, прислонила голову к иве, росшей у ворот, и заплакала.

– Если бы знал мой старик, как трудно мне живется! Даже не знаю, как мне жить дальше?

Только промолвила старушка эти слова, как с дерева слетела птичка-невеличка, села ей на плечо и заговорила человечьим голосом:

– Не печалься, бабушка! Хорошие дни для тебя впереди! Посмотри-ка, под этим деревом красная глина, из нее можно сделать чашу. Ты возьми эту глину, вылепи чашу, и тогда не нужно будет тебе думать о еде. Но, смотри, чашу эту не показывай невестке.

Сделала старуха так, как велела птичка-невеличка: накопала глины, размешала с водой, вылепила чашу, похожую на половинку арбуза, и просушила на огне.

Теперь старухе и горя было мало. Только подумает о том, что бы такое поесть, глядь, а чаша уже полна. Что хотела старуха, то и ела.

Но старухино счастье не могло продолжаться долго, пока рядом с нею жила злая невестка.

Однажды, когда старуха обедала из своей чаши, откуда ни возьмись появилась невестка. Схватила она чашу, увидела в ней рыбу и мясо и злорадно усмехнулась:

– Так, так! Значит, обедаешь! Где украла? Говори!

– Это волшебная чаша... что захочешь, то и даст, – еле слышно проговорила старуха.

– Вот те на! Заимела волшебную чашу и скрываешь от меня?

Невестка вытряхнула все, что было в чаше, на землю и громко сказала:

– Дай-ка и я понаслаждаюсь! Хочу печенку дракона и мозги феникса!

Не успела она это сказать, как чаша наполнилась бесчисленным множеством маленьких змей. Они извивались, шипели и высовывали свои раздвоенные язычки. Невестка вскрикнула, разжала пальцы. Упала чаша на пол и разбилась на маленькие кусочки.

После этого невестка стала еще хуже обращаться со старухой. В холодные зимние дни, когда за окном завывала вьюга, невестка одевала теплую меховую одежду и садилась около печки, а старухе давала одну лишь куртку из тонкой ткани и не подпускала к огню. Дрожала старуха от холода, зуб на зуб у нее не попадал. Совсем трудно стало старухе. И вот однажды она опять прислонила голову к стволу ивы и прошептала:

– Если бы ты знал, старик, как мне тяжело! Не могу я больше так жить!

Только прошептала это старуха, как с дерева слетела птичка-невеличка, села ей на плечо и заговорила человечьим голосом:

– Не горюй, бабушка! Хорошие дни для тебя впереди. Ты видишь вокруг ивы белые цветочки? Собери их, положи в куртку, и тебе никогда не будет холодно. Но смотри, чтобы об этом не узнала невестка.

Сделала старуха так, как учила ее птичка-невеличка, набила куртку цветами. Оделась – ей тепло, будто солнышко обогревает. Ничего теперь не страшно старухе: ни пронизывающий ветер, ни снег.

Но не могло продолжаться долго старухино счастье, пока рядом жила завистливая невестка.

Однажды невестка лежала в постели и, боясь холода, не хотела вставать. Она приказала старухе приготовить завтрак и подать ей в постель. Когда старуха подошла к невестке, та почувствовала, как от куртки старухи исходит тепло. И показалось невестке, что под курткой что-то есть.

– Воровка! Что у тебя под курткой? – набросилась невестка.

– Это волшебная одежда... в ней всегда тепло,– еле слышно проговорила старуха.

– Ах так?! Заимела волшебную вещь и скрываешь от меня! Одна пользуешься? Снимай! – крикнула невестка.

Невестка соскочила с кровати и начала стаскивать со старухи куртку.

– Тебе нельзя, тебе нельзя,– шептала старуха, – может случиться то же, что с чашей...

– Снимай, тебе говорят! – не унималась невестка.

Отдала старуха куртку, а невестка тут же напялила ее на себя. Только успела она сказать «Ох, и тепло», как закричала от боли. Одежда стала сжимать ее тело, невестка упала на пол и, крича, каталась по нему. Но что это? Вдруг невестка превратилась в мохнатую и злую собаку и набросилась на старуху, норовя схватить ее за горло. Но старуха не испугалась, она схватила железные щипцы, которыми кладут уголь в печь, да и давай бить собаку. Завыла собака, выскочила из комнаты и пустилась наутек. Так и превратилась невестка в злую, бездомную собаку, вечно голодную и мерзнущую на улице.

А старуха снова пошла к иве, накопала красной глины и вылепила новую чашу. Потом собрала белые цветы и сделала себе новую теплую одежду. Зажила она в тепле и достатке. Правду сказала птичка-невеличка: хорошие дни для старухи были впереди.

Ходит молва, что так люди научились делать фарфоровые чашки и разводить хлопчатник.

*Китайская народная сказка*



# «Приятного аппетита, малыш!»

Материнское молоко – это щедрый дар природы. Помните, что по своим уникальным свойствам и функциям ни одна искусственная смесь не может его заменить. Оно идеально обеспечивает ребенка пищевыми веществами, стимулирует его развитие. Поэтому каждая мама должна сделать все возможное, чтобы кормить малыша своим грудным молоком.



Существует мнение: процесс рождения завершается только тогда, когда ребенок переходит от питания через пуповину к питанию грудным молоком.

## Польза грудного вскармливания

Грудное вскармливание помогает обеспечить правильное физическое и психическое развитие малыша, активизирует процесс иммунной защиты. Кроме того, оно обеспечивает ребенку положительные эмоции в самом тесном общении со своей мамой, снижает вероятность возникновения аллергии.

Малыши, которые в первые месяцы жизни получают материнское молоко, обычно хорошо набирают в весе, своевременно развиваются, жизнерадостны и полны сил и энергии. Ведь грудное молоко содержит не только питательные вещества, но и антибактериальные антитела и ферменты против различных заболеваний, перенесенных матерью. Отмечено также, что дети, находящиеся на грудном вскармливании, значительно лучше переносят вакцинацию. Грудное молоко содержит большой набор факторов, которые стимулируют развитие активных защитных механизмов и помогают подготовить желудочно-кишечный тракт к «взрослой пище». У новорожденного барьер слизистой оболочки незрелый, вследствие чего он чувствителен к действию различных антигенов, содержащихся в пище. Грудное молоко стимулирует развитие и поддержание эффективного барьера слизистой оболочки в кишечнике.

До 4–5 месячного возраста к грудному молоку, кроме воды (в жаркое время года) и витамина D (по назначению врача), лучше ничего не добавлять. Конечно, кормление грудным молоком вынуждает следовать определенному графику. Но Вы можете в случаях необходимости позволить себе отлучиться по делам, предварительно сцедив определенное количество молока в бутылочку. Сцеженное в чистых условиях грудное молоко можно хранить в холодильнике до 24 часов, и в ваше отсутствие кто-то из домашних перед кормлением подогреет его до нужной температуры.

### Совет

*Следите, чтобы ребенок во время кормления не заглатывал воздух. Помогайте ему отрыгивать воздух, некоторое время подержав вертикально в перерыве, когда вы меняете грудь во время кормления.*

## Молозиво – первая пища малыша

Молозиво представляет собой густую клейкую золотистую жидкость, содержащую необходимые детскому организму витамины (А, С, В, Е), минеральные соли и биологически активные вещества (ферменты, гормоны). Калорийность его очень велика (до 1500 ккал/л), что обеспечивает новорожденному возможность получить в небольшом объеме пищи значительное количество высококачественных питательных веществ. Молозиво помогает новорожденному приспособиться к внеутробному питанию: попав после рождения в

## Совет

*В первые недели жизни малыш способен переваривать только жидкую пищу, и потому у него жидкий и тестообразный стул. Чтобы нежная кожа вашей крохи была надежно защищена от раздражений, вы можете воспользоваться подгузниками Pampers, созданными специально для новорожденных. Это первые и единственные подгузники, которые впитывают жидкий и тестообразный стул ребенка, а также мочу благодаря наличию уникального пористого верхнего слоя.*

необычную для себя среду, ребенок получает все необходимое.

Раннее прикладывание новорожденного к груди матери (через 15–20 минут после рождения) оказывает благоприятное влияние на них обоих. В первые часы после родов в молозиве очень высокое содержание иммуноглобулинов. Попадая в организм малыша, они способствуют укреплению иммунной системы.

Раннее прикладывание к груди способствует быстрейшему сокращению матки роженицы, более раннему запуску механизма молокоотделения и удлинению срока лактации. Малыш получает молозиво из груди матери в первые 2–4 дня после родов. В это время он при каждом прикладывании к груди высасывает только 10–15 г молозива.

С 4–5-го дня после родов в молочных железах вырабатывается переходное молоко, в котором, по сравнению с молозивом, содержится меньше белков и больше сахаров и жира.

## Совет

*Старайтесь, чтобы ребенок получал различные компоненты молока. Для этого кормите его попеременно то из одной, то из другой грудной железы, так как под конец сосания приходит более жирное молоко.*

## Молочные реки

Выработка молока налаживается в течение первых двух недель после родов. Сначала молоко смешано с молозивом, что придает ему густой сливкообразный вид. Постепенно, с прекращением поступления молозива, молоко становится более голубоватым, очень похожим на обыкновенное обезжиренное молоко. Что касается количества молока, необходимого ребенку, малыш сам регулирует объем пищи. Средняя ежедневная секреция молока у большинства женщин – от 850 до 1200 мл. Чтобы определить, хватает ли малышу молока и не остается ли он голодным, попробуйте периодически проводить контрольное вскармливание: в течение дня взвешивать малыша до и после кормления и следить за тем, сколько молока он получил.

## «Отнятие» от груди

Специалисты по питанию и врачи советуют кормить ребенка грудным молоком по крайней мере год по той причине, что к этому времени дети уже могут хорошо развиваться и расти и при другом питании. Как правило, это совпадает с угасанием лактации у матери. Нужно помнить, что все дети разные: некоторые развиваются быстрее и готовы перейти на другое питание еще до года, в связи с чем изменение характера питания следует проводить под контролем детского врача.

В целом, если и мама, и малыш готовы, пришло время «отнять» ребенка от груди.

## Совет

*Каждая мама должна помнить, что ее правильное питание в период беременности и кормления ребенка грудным молоком будет способствовать образованию достаточного количества молока, полноценного по своему качественному составу. В идеально подобранной самой природой композиции материнского молока важная роль принадлежит микроэлементам – это железо, цинк, медь, марганец, кобальт, фтор, йод. Кормящей матери необходимо включать в свой рацион продукты, богатые этими микроэлементами: печень, овсяную, пшеничную, гречневую крупу, горох, фасоль, орехи, хлеб грубого помола, свеклу, овощи, рыбу, творог. Однако делать это следует с осторожностью и поочередно, в зависимости от наличия определенной настроенности младенца, его ответной реакции.*





# Вегетарианское застолье

Во-первых, это красиво. Во-вторых, очень полезно и, наконец, необыкновенно вкусно. Стоит попробовать!

Думаете, что еда без мяса скучна? А вот и нет! Овощи в компании с бобовыми, крупами и соевыми продуктами способны и утолить голод, и обеспечить организм полезными веществами, и подарить гастрономическое наслаждение



## ТОМАТНЫЙ СУП С СЫРОМ ТОФУ

*на 2 порции*

- ***1 крупная белая луковица***
- ***1 зубчик чеснока***
- ***1 крупный клубень картофеля***
- ***2 ст. л. растительного масла***
- ***1 ст. л. томат-пасты***
- ***300 г протертых помидоров***
- ***щепотка сахара***
- ***300 мл кокосового молока***
- ***100 г твердого сыра тофу***
- ***соль***
- ***молотый черный перец***

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

1. Белую луковицу и чеснок очистить и мелко порубить. Картофель очистить, тщательно вымыть и нарезать маленькими кубиками.
2. В кастрюле нагреть растительное масло. Выложить лук с чесноком и, помешивая, подрумянить на слабом огне.
3. Добавить нарезанный картофель, перемешать и жарить на среднем огне 5 мин. Влить 200 мл горячей воды и варить на слабом огне, неплотно прикрыв крышкой, 10 мин.
4. Добавить томат-пасту, протертые помидоры, щепотку сахара и довести до кипения. Варить на слабом огне 10 мин.
5. Влить в почти готовый суп кокосовое молоко и довести до кипения на сильном огне. Посолить и поперчить по вкусу. Варить 2 мин.
6. Сыр тофу нарезать очень мелкими кубиками или порубить ножом. Измельчить готовый суп погружным блендером. Разлить по порционным тарелкам, посыпать измельченным тофу и подать на стол.



## РАТАТУЙ С КАРТОФЕЛЕМ

*на 4 порции*:

- ***1 цукини***
- ***1 баклажан***
- ***600 г помидоров***
- ***600 г картофеля***
- ***2 луковицы***
- ***3 зубчика чеснока***
- ***1 ч. л. сушеных прованских трав***
- ***8 ст. л. оливкового масла***
- ***150 мл белого вина***
- ***150 г твердого сыра***
- ***зелень***
- ***соль***
- ***молотый перец***

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

1. Цукини, баклажаны и помидоры вымыть, затем хорошо обсушить бумажным полотенцем. Нарезать тонкими кружочками.
2. Картофель очистить и вымыть. Также нарезать тонкими кружочками. Лук очистить и нарезать полукольцами. Чеснок порубить. Духовку нагреть до 190°.
3. Подготовленные овощи (кроме чеснока), чередуя, выложить в форму, смазанную любым жиром, по кругу.
4. Посолить и поперчить, посыпать чесноком и прованскими травами. Полить оливковым маслом. Верх формы затянуть фольгой и запекать 30 мин.
5. Снять фольгу и запекать еще 20 мин.
6. Твердый сыр нарезать маленькими кубиками. Посыпать им запеченные овощи и поместить в духовку еще на 5 мин.
7. Готовому рататую дать немного остыть (5 мин). Затем посыпать блюдо зеленью и подать на стол.



## ШАРИКИ ИЗ КУСКУСА

*на 2 порции*

- ***2 луковицы***
- ***5 ст. л. растительного масла***
- ***150 г кускуса***
- ***250 мл апельсинового сока без сахара***
- ***2 стебля лука-порея (белая часть)***
- ***2 помидора***
- ***1 цукини***
- ***2 баклажана***
- ***1 зубчик чеснока***
- ***300 г протертых помидоров***
- ***1 ст. л. томатной пасты***
- ***10 г кукурузного крахмала***
- ***1 ч. л. меда***
- ***соль, молотый перец***

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

1. Лук очистить, мелко порубить и подрумянить на 2 ст. л. растительного масла. Добавить кускус, влить 100 мл горячей воды, апельсиновый сок и довести до кипения. Снять с огня, закрыть и оставить на 30 мин.
2. Лук-порей почистить, вымыть и нарезать полукольцами. Помидоры, цукини и баклажан нарезать ломтиками, чеснок порубить.
3. Все подготовленные овощи, помешивая, подрумянить на оставшемся растительном масле. Добавить протертые помидоры, томатную пасту, 150 мл воды и перемешать.
4. Посолить и поперчить по вкусу. Тушить на слабом огне около 10 мин.
5. Кукурузный крахмал развести в 100 мл воды, соединить с медом и кускусом и перемешать. Сформовать небольшие шарики. Выложить их на тушеные овощи и прогреть под крышкой все вместе. Перед подачей украсить зеленью.

# Даже на солнце есть пятна

Просматривая вещи, вдруг обнаруживаешь невесть откуда взявшееся пятно. Желательно сразу же его удалить, так как при стирке некоторые пятна не только не выводятся, но даже закрепляются. Качество и быстрота удаления пятен в значительной степени зависят от давности загрязнения: чем старее пятно, тем труднее его удалить.

## То, что было у нас под рукой

Обычно для выведения пятен используют фабричные пятновыводители, но они не всегда оказываются под рукой, поэтому можно использовать проверенные многими хозяйками способы.

► Не пытайтесь удалить пятно немедленно, заливая и затирая его удвоенным количеством вещества-очистителя. Так вы можете только испортить ткань.

► Трудновыводимые пятна очищают постепенно, терпеливо повторяя операцию два-три раза.

► Шоколад лучше всего отстирывается в сильно подсоленной теплой воде.



► Жирные пятна на воротничках надо протереть ватным тампоном, смоченным в растворе из 3 ст. л. нашатырного спирта и 1/2 ч. л. соли, а затем вещь нужно выстирать в теплом растворе стирального порошка.

► Свежие травяные пятна можно просто смыть спиртом, а застарелые – смесью спирта и нашатырного спирта в соотношении 3:1.

► Брызги ягодного сока нужно немедленно смыть кипятком, а если вы заметили пятно уже после высыхания, то перед стиркой его надо увлажнить смесью уксуса и лимонного сока, взятых в равных частях.

► Особенно неприятны застарелые жирные пятна – они расплываются и глубоко въедаются в ткань. Их надо растворить, капнув, как это ни парадоксально звучит, растительного масла или смазав сливочным маслом. Через некоторое время пятно протирают бензином, керосином или скипидаром, а затем вещь стирают в теплой воде мягким моющим средством.

► До выведения пятна попробуйте на незаметном месте одежды, не полиняет ли краска от раствора пятноновыводителя.



# Пиерис: красив круглый год

Этот замечательный вечнозеленый кустарник с длинными, похожими на ландыш цветками будет хорошо расти в саду, где уже есть рододендроны. Он, как и большинство растений семейства вересковых, любит кислые почвы, поэтому для него подходят торфяники. В крайнем случае торф можно добавить в яму при посадке, а потом регулярно подсыпать его к кусту в качестве мульчи и как укрытие на зиму. В садах чаще всего выращивают пиерис японский – медленно растущий кустарник с ланцетовидными блестящими листьями и белыми, реже розовыми или красными колокольчатыми цветками. Но декоративность растению придают не только они. Весной у кустарника появляются молодые листья ярко-красной, розовой или белой окраски, которая потом меняется на зеленую. Кроме кислой почвы пиерису нужно тихое и теплое место в саду, лучше всего в полутени. На зиму в средней полосе России растение приходится укрывать.



# «Басрияб Сивухъ» цІияб гІумру



Гумбет районалъул бищун берцинаб, 2000 метралъ ралъдал гьумералдаса тІадегІан бугеб бакІалда, Басрияб Сивухъ росулъ тІегьан бачІинеб буго туризм. Араб соналъ гьениве щун вуго щуазарго гІанасев турист. Туризмги хІалае ккун, сахъалги руссунел руго умумузул ракьазде.

Сахъадерил глемплинг – гьеб ккола киналго санагІалъабигун, отелазда букІунеб гІадаб тІадегІанаб даражаялда хъулухъгун, тІабигІаталда хІухьбахъи гьаби. Росдадаса цодагьаб гъоркьегІан, махил рохьор лъун руго 20, кІиго чияс цадахъ хІухьбахъи гьабизе бегьулел, гьитІинал рукъзал. ТІадеги батІи-батІиял тайпабазул гьединал рукъзал ралел руго ва нусгоялде гьезул къадар бахинабизе ракІалда буго. Гьенир хІалтІилел руго гидал, богогьаби, тренерал, Россиялъул батІи-батІиял бакІаздаса рачІарал волонтерал. Рагьун буго кафе, гІурус баня, библиотека ва как балеб рукъ.

Амма бищунго гьенире гІадамал цІалел руго чуязул илхъабаз. Киналго гІадин туристазе бокьулеб буго чуязда рекІине ва чотІахъабазул махщалие ругьунлъизе. Гьединлъидал, гьеб проекталъул аслияб бакІлъун лъугьун буго чуязул бокь. Эркенго биччан тани, лъикІго кверде ругьунаб чуги 2-3 анкьида жаниб гІалхулаблъун лъугьуна. Берцинго кьолокь чІезе ккани чу щибаб къойил цо-цо сагІаталъниги лълъадаризе ккола. Гьениб туристазда чода рекІине малъулеб буго Россиялъул мустахІикъав чотІахъанлъиялъул тренерас.

Тарихалдасан нилъеда лъала Сивухъ росу кІаратІисезул мугІрузда букІараб, жиб цІунизе сверун сиялги рараб, кІудияб росу букІин. Росда жанирги рукІана гьенир рагъулал сиял. Гьездасан бачІараб буго росдал цІарги.

Биценалда рекъон, сахъал рукІун руго рагъухъаби. Гьез жидерго гІи-боцІуе рагІи-хер кьезе тІамулел рукІун руго аскІор ругел росабиги. II-абилеб гІасруялда гьезда ццин бахъарал мадугьалзабаз: ГІанчихъ, РацІилъ, Инхело жамагІатаз хІукму гьабула гьезда данде рахъине ва бухІула росу. КІаратІисезул мугІрулги тун гІемерисел сахъал гІандадерил ракьазде щола. Гьенирги гьел кІийиде рикьула ва къогогІан хъизан, чачаназул рахъалдеги ун, Курчалой росулъ чІола. Бищун кІудияб къокъа Гумбет мухъалдеги ун, цІияб «Сивухъ» абураб росуги бан чІола. Дагьалго дора кІаратІисезул мугІруздаго чІарал чагІаздасан Рачабулда абураб росуги лъугьуна.

Муса абурав цевехъанасул нухмалъиялда гъоркь, сахъал Тамерланида дандеги рагъула. Гьес гьезул росуги бухІула. Надир-шагьасда данде рагъулезда гъорлъги рукІуна Сивухъа къогогІан бахІарчи. Шамил имамасул рагъазулъги гьабула Сивухъа гІолохъабаз гІахьаллъи. Кавказ рагъги лъугІун, 1877 соналъул бунталдаса хадуб, гІемерал сахъал гочуна Турциялде. Совет властьги сахъадерица цІакъ захІматго къабул гьабула. БагІарал армейцазул отрядалъе дандечІей гьабунилан, росдада тІаде гІарада бан, чІвала 132 чи. 1944 соналъ гьел хІал гьабун гІатІиракьалде рахъинарула. Гьанже гьеб Сивухъ росу буго Хасавюрт районалда.

Жакъа сахъадерие лъикІаб рес щун буго, жидерго умумузул ракьалда хІалтІун, чед балагьизе. Дагъистаналъул туризмалъул министерствоялъги, сахъадерил рахъ ккун, туризм цебетІезабиялъе 15 миллион гІарац бичча буго.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**



# БИЦЕ, УМУМУЛ, БИЦЕ…

*АЛЖАНУЛ КІАЛГІА ГІАДИН ТІАХЬАЗУЛ РУКЪГИ КЪАЧІАН КИНАБГО ГІАЛАМАЛДА ГЬЕЛЪУЛ КЪИМАТ МАЛЪАРАЙ*

**«Херал магІарулал нужер цо рагІи, цо гІалимчиясул тІехь буго дие», – ян Расул ХІамзатовасул кочІол мухъал рачІуна дида цере цІикІкІарал гІадамазулгун гарачІвариязда.**

**Дир гьаб очеркалъул аслияй герой ПатІимат Хочоева гьаюна 1935 соналъ Хунзахъ районалъул Хунзахъ росулъ. Абизе бегьула ПатІиматица тІолабго гІумру сайгъат гьабунин районалъул маданияталъул бутІаялъеян. 1958 соналъ районалъул лъималазул библиотекаялде хІалтІизе лъугьарай гьей, 1976 соналдаса нахъе, 2017 соналъ рокъой чІезегІан, хІалтІана Хунзахъ районалъул библиотекабазул системаялъул директорасул заместительлъун. ПатІимат ккола «Дагъистаналъул культураялъул мустахІикъай хІалтІухъан», захІматалъул ветеран, юбилеялъул медалазул, республикаялъул ва районалъул рикІкІен гІемерал грамотабазулгун баркалаялъул кагътазул бетІергьан.**

**1970 абилел соназ тІобитІараб РСФСРалъул социалистияб къецалда лъималазда гьоркьоб библиотекаялъул хІалтІул бищун лъикІаллъун рикІкІарал ва соцсоревнованиязда бергьарал дагъистаниязул гьитІинабго къокъаялда гъорлъ (сураталда) ПатІимат Хочоеваги йикІана. Гьелъго бицуна ПатІимат хІалтІи бокьулей ва гьеб лъикІ лъалей инсан йикІиналъул. Хъварабщинаб кечІги гьелъул, жийго йихьизайизе гуреб, библиотекаялъул хІалтІи цебе бачине, дора тІоритІулел тадбирал релълъинаризе херхарал руго. ГІемераб цІияб лъана дида нижер хабаралдасан, щвана рикІкІадал умумузул гъанситухъе, кълучІана рагъул лъимерлъиялъул кьогІлъи…**

**- ПатIимат, рагъул саназул лъимер ккола мун, ракIалда бугищ доб кьогIаб замана?**

- КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб мехалъ дир гIумрудул букIана гIицIго 6 сон. Доб чIахIиязулги гIисиназулги рекIелъ цо гьеб рагIиялъ рещтIинабураб хIинкъи тIаса унеб жойиланго кколароан. МугIалим ХIаштIихил МухIамадица ниж гьитIинал чагIазе бицунаан, нуж эбел-инсуда аскIор лъикI ругилан, кванaзе бугин, ретIине бугин, гIурус лъималазин абуни, умумулгун ратIаги гьарун, Казахстаналде гочинариялъ, жидеего бетIербахъи гьабизе кколеб бугилан.

Гьединги батила, щибаб къойил магъилъе хIалтIизе ин нижер тIадаб борчлъунги букIараб. Абиларо, ракъи-къеч бихьанилан. Хунзахъ 3-4 хъизан букIана колхозалда хIалтIулел, гьезда гьоркьор рукIана дир умумулги. КолхозчагIазе «къойида жо» щолеб букIиндал, кванaзе жо гьечIого ниж хутIичIо. Амма цIакъ хьул лъолаан «хIукуматалъул» чадиде. Дол ханзабазул рукъзабахъ цебе кIиго тукен букIана: цо ххам бичулеб, цо чед бичулеб. КолхозчагIазе чед бичулеб букIинчIого, рекIекълъун тIадюссунаан дун тукадаса, долъул махIалъ хьулги лъезабун.

ХIатIида гIицIго хьвадулаан школалдеги, хадур хьитал щведалцин, гьел рахъун лъун рукIунаан, додин ругьунлъун ккеялъ.

Конфет-печена нижеда лъазего лъалароан. Магъилъ хIалтIилел ругел чагIазул анищал рукIунаан «Цо гIорцIизегIан гьекъезе гьуинаб чаялъухъ». Доб мехалъ щвараб чакаралъул пуштIурги кIалбиччанкъоялде бахчулаан улбуз. БукIинчIо нижер рахIатаб, ракI бохараб лъимерлъи. ХIаялцин гьарулаан чIахIияз гьабулеб бихьараб такрар гьабун. Цо нухалда «хварав чи вукъи» хIалел рукIана ниж: магIаби-зикругун, букIу-букIунебщинаб гьабун. Хъаладухъа рокъове вачIунев учитель ГIалиханил Зайирбегида нижер «рукъа-руссиялъул» хIай росулъ ккараб хвелилан ккун буго. ГIицIго аскIовегIан щведал: «МалгIунал, лъимал рукIун рихьуларищ ал!» - илан гIодове виччан вуго гьев. ХIалаан ригьин-цIа, лъимер гьабиялъул гIадаталги. «Мая» абураб гIисинаб тIегь тIад бахъараб ххамил гурде - бищун чIухIараб къачIай, хъабахъалъул гьабураб цIа-рагI, хьагал – бищун лъикIал расанкIаби… Гьедин ана нижер лъимерлъи.




**- Дуда бихьана чанго батIияб заман, цебейищ гьанжейищ гIадамал лъикIал рукIарал? РакIалде щолищ дурго хIалтIул сонал?**

- ХIалтIудаса нахъе йилъун санал аниги, лъикIаб рахъалъ рагIизе бокьула библиотекаялъул, гьабсагIатги абула «нижер ясалалилан» дора хIалтIулезде. Цебе, кигIан захIмалъаби рукIаниги, гIадамазул ракIал журай цIикIкIун букIана. ГIемерго гьарулаан лъималазда гьоркьор экскурсиял, тIахьал рокьизариялъул хIалтIаби. ЛъикIаб тадбир лъугьун букIана хIажизабазулгун дандчIвай. Бокьулаан росабалъ филиалазулгун хIалтIи гIуцIизе, гьезда квешаб-лъикIаб малъун, жидерго хIалтIул бакIазда берцинлъи гIуцIизе гьел гьесизаризе.

ХIалтIулги тIехьалъулги букIана къимат.

РакIалда буго, гIолохъанчIужу БуцIрае халгьабиялъ йитIун йикIана дун (лъелго, 17 км манзилалда! - авт), хадув вачIунев цо чода рекIарав вихьун, хIинкъиялъ еке-екерун щвана дун Балада нахъе. Кинаб гIажаиблъиха дир букIараб, дов чотIахъан, чу бичизе жиндирго сапаралъ унев, хIатIида гIицIав гьитIинав вас ватидал!

ЗахIматаб букIаниги, гIаданлъиги, чилъиги, хIалтIул къиматги бугеб заман букIана.

**- Мун йиго иман-ислам дурусай муъминчIужуги. Щиб насихIат дуца гьабилаан гIолеб гIелалъе?**

- Дие икъбал ккана кIудияв гIалим ХIажидадал наслуялъул яти **(7 сон барав чи эбелалъ мугъзада лъун БуцIраве щвезавун вукIун вуго гьев гIелму цIализе - авт**). ДахIабабае ва досие какие чуризе лъим баччулаан дица «начальникасул» иццухъа бахъараб **(гьеб буго ПатIимат гIумру гьабун йикIарай авалалдаса 2 километралъ рикIкIад - авт.**), росулъ лъабго гурого иц букIинчIо доб мехалъ. Дида тIад лъураб букIана рогьалил какде кIудияль рорчIизаризеги.

ГIолилазда дица гьарилаан куцал гурел, ракIал рацIцIад гьареян. Дов тIоцебе как жинца ахIарав Билал – асхIаб, аварагас (свалляллагьи гIалайгьим вассалам) тархъан гьавурав лагъ, хочIие гьавулев вукIун вуго сверухъ ругез, куцги чIегIерав, сурукъав чи вукIиналъ. Куцалда кверги бахъун жаваб гьабун буго дос гьединазе: «Рецц Аллагьасе, Гьес кьураб букIиналъ, гьаб сипаталдаса дун цIакъ разияв вуго», – йилан. Куц-жинс бугезе щвараб батIияб талихIги дида лъаларо. Амма иман бугев, ракI лъикIав чи гIадамазеги Аллагьасеги вокьула.

**Фатима МУХIАМАДОВА**

***КIал пасихIай Хочоева ПатIиматил рикIкIен гIемерал асараздаса цо-цоялги рахъулел руго журналалда.***

## ПатIимат ХОЧОЕВА

### ГIАСИЯЛ РАКIАЛ

Гвангъун щвараб бакъги роцIцIараб зобги
РекIее гIоларел гIалхулал кинал,
Ракълилаб гIумругун гIащикъаб рокьи
ЧIвазе кIолел кверал кинал рукIунел.

Гьединалгун кинан къеркьелелали,
КъвакIарал умумул, бице васазда
Квешлъи ургъулезе гудур гъолеб куц
Кинабго хIехьарал хераз гIакълу кье.

Нижеда чIалгIана гIалхул бацIаца
ГIодобе тIолеб би ракълил халкъалъул,
ХIехьезе кIоларо кепказе гIоло
Ракьалда бекьараб вахIшияб гIумру.

### ГIАКЪИЛАЛ УМУМУЛ, КЬЕ НИЖЕЙ ДАРСАЛ

Дир росдал гIакъилал къадруял херал,
Бице жакъа нижей доб Сариралъул,
Гьелъул бахIарзазул, багьадуразул,
Халкъалда цIар арал гIалимзабазул.

Бице тарихчагIи, кинабго нижей
Бода цIар рагIарав ГIуммаханасул,
Гьаб Хундерил росу цIилъизабизе
Къо бихьун гьарурал гьезул ишазул.

Баху-бикал бице, тIалъи чIухIарай,
ГIакълуги камилай, калам берцинай,
Гьелъул дол гьайбатал васазул бице,
ХIалихьатаз гуккун хвалде ахIарал.

Нилъер къисабазул бечедаб тарих –
Чанги рагъул-кьалул биценал руго,
ГIандуникIасулги Дайтилазулги
Гьуназул лъазе цIакъ гьира буго.

Ниж руго Шамилал, ХIажимурадал,
Гьезул цIар лъуниги гьунар лъаларел,
Нилъер бахIарзазул цIарал цIунизе
ЦIакъ хIажалъун руго нужер вагIзаби.

Школалда цIалун нижеда лъачIеб
Бице хIалчIахъаяв ХIажимурадил,
ХIалихьатал мацIаз рекIелъ ругъун лъун
РикIкIада хутIарав багьадурасул.

Гьадав Хириясул ГIалибегилги
Ахъбердиласулги бице нижеда,
Нагагь къо кканани гьезул гьунарал
Нижер жив-живасул чорхолъ куцазе.

Дир гьаб шагьаралъул лъикIал гьунарал
Нижеда лъачIого руцIцIун тун руго,
Нилъер бахIарзазул кIудиял рагъал
Нижей рагьичIого бальго тун руго.

ВатIанияб рагъул гIемераб лъала,
Граждан рагъазулги чанги бицана.
Гьезий мисалалъе, цере рукIарал
Нижер умумузул гьунарал рице.

Макка-Мадиналда цIар тIибитIарал
ЦIар арал гIалимал нижее рагье,
ТIолго Аваристан жидей мукIурал
Гьел гIакъилзабазул кье нижей дарсал.

Умумузул нухда битIун хьвадизе
Тавфикъ кьеян гьаре БетIергьанасда,
Гьаре лъикIалщиназ гIолеб гIелалъе
ГIелмуги, гIакълуги, адабги кьеян.

# Къисмат батичIони...

ГIемерал соназ цо минаялда жаниб гIумру гьабун рукIана Тимурги дунги. Гьеб букIана щутIалаяб мина, гIемерисел рукIана цадахъ гIурал ва хIалтIарал гIадамал. Ниж, гьезул лъималги цадахъ гIолел рукIана. Гьеб нижер мина рикIкIине бегьилаан Анжелика Варумица кочIолъ ахIулеб гIадинаб «городоклъун». Гьенирги цоцахъе гьикъичIого тIаде – гъоркьеги рачIунаан, букIинчIо рухIдаллъи, цоцаде рокьукълъи. Гьарурал къоял тIоритIулаан цадахъ ва цогидалги рохелал ва къварилъаби гIахьал гьарулаан.

Дида ракIалде щола нижер «шагьаралда» ккарал къварилъабиги ва гьединаб мехалда букIараб гъункиги. Гьениб гIемерал соназ гIумру гьабун йикIана, Сибиралде живги ун, ургъел гьечIого васас тарай кIодо Ксения. Ниж, гIисинал ясал иргадал унел рукIана гьелъул рукъ бакIаризе ва къваригIараб кумек гьабизе. Хведалги гьей киналго данделъун лъуна ахирисеб нухда, кумек кинацаго гьабуна. КигIан ресукъалги хъизаназ течIо бажарараб гьабичIого.

Нижер эмен гьенив вукIана участковыйлъун ва хъулухъалъ МВДялъул подполковникасде вахана. Гьесие гIемерал щвана хIукуматалъул шапакъатал ва гьединго нижее кьуна батIияб бакIалда квартираги. ГIорхъи букIинчIо гьелдаса нижер хъизаналъул рохалие. Ниж, эбелги, яцги, кIиго вацги хIадурлъун рукIана цIияб рокъоре рахъине. ХIатта, кутакалда сабурав инсуцаги балъго гьабулеб букIинчIо рохел.

ГIицIго цо дун йикIана гьелъул рохел лъаларого хутIун. Доб, нижер басрияб «шагьаралда» хутIулев вукIана дир рекIее къабулав, жив гьитIинаб къоялдаса лъарав Тимурги, гIемерал гьалмагъзабиги. Тимурилги дирги улбулги рукIана лъикIал гьалмагъзаби. Школалде ва ясли–ахикье улбул нижеда хадур цо-цоккун иргадал рачIунаан. Хадур,



школалда лъабабилеб – ункъабилеб классалде рахиндал нижго унаан цадахъ чиги гьечIого. Улбуз нижеда кьварун лъазабулаан цоцадаса ратIалъугеян. Гьедин ниж ккана кидаго ратIалъулареллъун ва гIадамаз, махсароде гIадин, нижеда абулаан «абуравги абурайги» – йилан. Заманалдасан киналго гьелде ругьунлъунги ккана, нижги жахIалго тана. Тимурица дун кидаго киналдасаго цIунулаан. ХIатта, бакIлъани, дир портфельги баччулаан.

Кинги ниж цIияб рокъоре рахъана. Тимур къойил вачIунаан нижер азбаралде ва рокъове. Эбелалъги гьев лъикI къабул гьавулаан. Эбел – нисуца гьукъулароан нижее заман цадахъ тIамизе ва киназдаго бихьулеб букIана нижер цоцазухъ рокьи букIин. Цо сордоялъ дида рагIана рокъоб эбелалъулги инсулги хабар. Инсуца эбелалда абулеб букIана дида кIалъайилан:

– Гьел жеги гIолохъаби руго, гIакълуги гьезул загIипаб буго, гьединлъидал тIубанго божи гьабун жалго гьел тезе бегьуларо, – ян абуна гьес эбелалда.

Эбелалъ абуна «лъималазда» гьоркьоб щибниги рекъечIеб жо жинда бихьичIила, хIинкъизе бакIги гьечIилан. Гьединго гьелъ тIаде жубана, цоцахъ нижер рокьи унго-унгояб ккани жий йоххилаанилан. Ахир гьабунги гьелъ ракIчIун загьир гьабуна: «Тимурица кидагIаги хIалихьалъи гьабизе гьечIо», – абун.

Гьедин эбел – инсуца дандечIей гьабичIо цоцадехун унго-унгояб хиралъи нижеца загьир гьабидалги. Гьел гьелдасаги разилъана. Тимурги дунги къойил рихьулаан, цоцахъе хьвадулаан. Школа лъугIидал Тимур армиялде витIана. Гьев нижер классалда ругездаса лъагIелалъ кIудияв кколаан. Дун абуни гIода-чIвадун, гьев гьечIого чIезе кIвеларилан йикIана. Щайгурелъул ниж киданиги цоцадаса гIемералъ ратIалъун рукIинчIелъул.

Армиялдаса гьев вачIиналъухъ урхъун ялагьунги йикIана дун. Амма халлъулеб букIана ахираб заманалда гьесул дихъе хъвалел кагътал дагьлъулел ругеллъиги, дове – гьаниве кканила, заман гIоларого вугилан багьанаби гьес ратулел рукIинги. Кагътаздаги гьес хъвалеб букIана рокъове гIедегIун вугилан, эбел – инсухъ чIалгIун вугин. Дидехун бугеб рекIел цIаялъул хабар гьениб букIунароан. Рокъове вачIунеб заманги гьес дида лъазабичIо. Цо къоялъ къватIий данде ккарай гьесул яцалъ бицун лъана дида гьев анкьидасан рокъове щвезе вукIин. Гьединго гьелъухъа борчIана Тимурица жив вачIунеб заман дидаса бальго гьабейилан гьарун букIанила, амма жинда гьеб бальго гьабизе бажаричIиланги. Нижеда ккун букIана Тимурие дун ракIалда гьечIого вачIун, йоххизайизе бокьун батилилан.

Дун кIиго соналъ армиялдаса гьев тIадвуссиналъухъ ялагьун чIана, моцIал къоял, хIатта сагIталги минуталги рикIкIун. Дица Лейлае баркала кьуна гьеб хабар лъазабиялъухъ ва гьанже ургъулей йикIана киндай гьев живго воххизавилаян. Гьелъие дица букъана цIияб горде, къачIана рас – квар ва гьаруна цогидалги хIадурлъиял. Гьедин щвана къо тIаде, ниж киналго цадахъ рахъун ана «Дагъистан» поездалда данде. Лейлацаги дицаги къотIи гьабуна гьей гьесда данде вагоналъул кIалтIе ине, дун тохлъукьего гIадин гьезде тIаде ячIине.

Тимур вачIиналде хIадурлъи нижер рокъобги гьабуна. Эбелалъги яцалъги лъикIго бакIарана рукъ, тIагIамаб квен гьабизе росана нигIматал. РакIалда букIана кIиабилеб къоялъго «дурц» гьоболлъухъе ахIизе. ЦебегIанго гьес хъван букIиндалха дихъе, рокъове щваравго жинца дун гьарун чагIи ритIизе ругилан. Дицаги жаваб гьабун букIана дун гьесие кьурайго йигин, гьелъие эбел – инсуда хабар рагIизабуниги гIелилан.

Гьел пикрабалъ дун йикIаго поездалъул гьиштIи бахъана. ТIеркIезе лъугьана дир каранда жаниб ракI. Халалъулеб букIана поезд вокзалалде кьолеб заман. Дун рикIкIадасан ялагьун йикIана щивав вагоналдаса къватIиве ваккулев чиясухъ. Ваккана Тимурги. Гьес щулаго къвалал рана эбел – инсуда, вац – яцазда ва гьеб лахIзаталъ дунги екерана гьесухъе. Амма дун ячIуней йихьарабго Тимур кьурун цояб рахъалде йикIарай ясалдехун вуссана ва абуна:

– Эбел, гьай йиго Инна, дир йокьулей, абизе бегьула лъадиянги.

Гьеб калам дидаги рагIана ва гьес тIадеги жубана:

– Гьаниб щибго хабар гьабуге, эбел, рокъоре щведал бицина кинабго. Нужеца Инна къабул гьайичIони, ниж тIадруссун инеги руго, – ян.

Дун дирго гIундузда божулей йикIинчIо, Иннал хал гьабизеги магIуялъ толеб букIинчIо. Нахъе инеги бажаричIо, чIвараб магI гIадин хутIана гьений…

Хадуб Тимурил бер дидеги щвана. Гьев, ракIалда гьечIого дунги йихьун, багIарлъана ва ракIалде ккараб жо гьикъана:

– Аида, мунгийищ гьаний йигей, – абун.

Иннаца абуни дир хал – шал гьабуна ва берал гIодоре руссинаруна. Гьелда лъалеб букIун батизе ккола нижер гьоркьоблъи букIараблъи.

Гьениб магIу кквезе кIолареблъиги лъан дун нахъе лъутана. Дида хадув векерун вачIана Тимурил кIудияв вац, амма дун маршруткалдаги рекIун ана. Лъаларо щиб Арсеница гьениб дида абизе букIараб, гьелъул дие кIварги букIинчIо.

Гьанже ракIалда гьечIо кинан дун добго къоялъ нижер «шагьаралде» араялиги, дихъа бажаричIого букIине ккола гьение щвечIого чIезе. Гьениб азбаралда бугеб скамейкалда гIодойги чIун йикIаго дида ракIалде щвана, кидаялиго лъималгун ва Тимургун цадахъ ниж

чалиялдасан харун мадугьалихъ азбаралда бугеб жагадул гъотIоде рахунел рукIараблъиги ва гьеб гъветIалъул бетIергьанас нижеда «гъоркье рортизе гуринха, цIогьал», – илан гурони щибго абулеб букIинчIеблъиги.

Гьениб дида ракIалде щвана, нижер минаялда гIумру гьабун вукIарав гIолиласе цо магIарул росулъа бахIарайги ячун, гьабун букIараб бертинги. Гьелда тIад букIараб гормендоги кIазги бихьидал, Тимурица абун букIана: «Дие гьагъадин данде кколаро, мун бахIарай гьаюлелъул фата ретIине буго», – ян. Доб мехалда анищал гьарулев вукIарав дир «бахIарасе» букIана анцIила кIигогун бащдаб сон, амма бицунеб жо букIана цIодораб, дунги тIадрекъон йикIана.

«Щибха ккараб дир Тимурие? Щибдай гьесие дир гIечIеб? – абурал суалаз толеб букIинчIо рахIат ва батулеб букIинчIо жаваб. – Щай гьес дихъе хъвачIеб жиндие цогидай йокьанилан, щай хIадур гьайичIей дун ва гьадин согIго рехон тарай».

Эбел–инсуда бихьулеб букIана дир бугеб захIматаб хIал ва хабар халат гьабизе лъугьинчIо. ГIицIго цо нухалъ рагIана эбелалъ кIодода абулеб:

– Те гьей жийго, къваригIел гьечIел жал гьикъичIого. Щибниги лъугьунаро. Гьелъие бугеб къварилъи лъалареб жо гуро, жинцаго хIехьезеги ккола. Кинабго кIочена. Заманалъ сах гьабулареб жо букIунаро, – ян.

Тимурица чанцIулго хIалбихьана диргун хабар – калам гьабизе. Амма бертин гьабизе гьез заман цIачIо – Инна лъимаде йикIана.

Дир эбел–эмен гIемерал ургъана хадубккун кинаб гьоркьоблъи Тимурил хъизаналъулгун гьабилеб абун. Дица абуни гьезда гьарана берталъеги айин, гьес цогияй ячунилан камураб жоги букIинарин, чIварав хварав чиги гьечIин ва щцин бахъунги рукIине ккеларин. Абуна Тимурие цогияй йокьунилан гIайиб щибин гьабизе бегьилеб, дунги гьес тунилан хвеларей ятилилан.

РагIулеб букIана Тимур дир ургъалида гIемер вукIунила. Гьес абунила жиндие дун кутакалда йокьулин, амма гьеб букIанин вацасул яцалдехун гIадинаб рокьиян. Гьесда гьеб бичIчIун буго Иннагун данделъидал, гьей тезе кIолареблъи бичIчIидал. Лъай-хъвайги гьезул ккун буго аскаразул библиотекалда. Иннал эмен вукIун вуго гьезул часталда офицерлъун. Ва хадуб байбихьун буго рокьи. Гьеб заманалда Тимурица Иннае бицунеб букIун буго дир хIакъалъулъ, рихьизарулел рукIун руго сураталги. Иннаги йикIун йиго росасеги ун ятIалъарай ва гIолохъанчиясде хивалго гьабуларей гIадан. Гьединлъидал гьелъул гьесдехун рокьи букIун буго хадуб букIинеселъул пикруго гьечIеб…

Рокьуца рокьи бижизабулеблъи цебего лъалеб жо буго. Инна йикIун йиго гIодое йиччарай, бицанщиналда божулей гIаданги. Гьединай гьелъухъ Тимурил рокьи ккун буго унго-унгояб ва расги ургъичIого гьабун буго жинсияб гьоркьоблъиги. Хадуб, Инна лъимаде йикIин лъараб мехалда, гьесда бичIчIун буго гьей ячине кколейлъиги. Гьелъ абуни ячине тIалабги гьабулеб букIун гьечIо, вокьулев чиясдаса лъимер гьабизе щвейги гIураб талихIилан йикIун йиго гьей.

Тимурида абуни ургъел ккун буго рокъой тарай, жив вокьулей ва жиндихъ ялагьун йигей ясалъул. Гьесда лъалеб букIун буго, лъадиги гьаюн жив рокъове вачIани, эбел–инсул букIине бугеб хIалги. ТIаде жоялъе лъимаде йигей гьейги. Иннаца ва гьелъул эбелалъ Тимурида гьарулеб букIун буго лъикIго ургъизе ва, эбел–инсудаги гьикъун, гьез малъухъе гьабизе.

Тимуридаги лъалеб букIана эбел–эмен жинца цогидай ячине разилъизе гьечIеллъи. Гьединлъидал гьес хIукму гьабун буго рес къотIараб хIалалде гьел ккезаризе. Кагътида хъван кинабго эбел–инсуда бичIчIизабизеги бажаричIого, гьес Инна цадахъ ячун ячIун йиго, бугеб хIакъикъат гьезда бихьизабизе.

Гьеб кинабго, жиндихъ гIенеккизеги гьаюн, Тимурице дие бицана бертин гьабизе анкь хутIидал.

Эбел–эмен ана Тимурил берталъе. Гьениб букIана нижер кинабго «городок». Тимурил эбел гIодун йиго дир эбел йихьидал ва гьарун буго тIаса лъугьаян. Гьелда гIайибги кинабха букIинеб, гIайиб лъидагIаги букIанадай гьениб?

Дун абуни, цояб рокъоса цогидаб рокъое хьвадулей, бакI батуларого йикIана. Ахиралда хIукму ккана берталъе ине. Щайгурелъул гьенив щивниги гIайибияв чи ватулев вукIинчIелъул. Къисмат битIун ккечIилан, барщаризе битIараб букIинищ, яги нилъ рокьичIилан кьаллъизе бегьилищ?

Гьединал пикрабалъ ана дун берталъе. РетIана берцинаб гордеги, росана хъахIал розабиги… Бертин батана завалалда. Гьалбал кьурдулел ругоан. Дун битIахъе бахIаразул стол бугеб бакIалде йилъана. Тимур тIадеги вахъун дида данде вачIана, бан къвалгун гьев дида къочана. Иннаги гIодоре бералги руссинарун хутIана, гьелда лъалеб букIинчIо щиб гьабизе кколебали. Дун гьелда аскIое йилъана ва тIугьдузул квацIи кодобе кьуна.

Лъаларо щаяли, гьеб мехалда дие кутакаб бигьалъиги ккана.

Тимурица абуна: «Баркала дуе… Дида лъалаан дун дуе кидаго гIагарав ва хириявлъун хутIизе вукIин, мун дида тIаса лъугьунейлъи», – ян.

Тимурие гьаюна яс ва Аида абун гьелда дир цIарги лъуна.

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**

# ТВОРЧЕСТВО – ЛЪУГІУЛЕБ ЖО ГУРО...

РакIалъул хинлъиялъ ва рухIияб бечелъиялъ инсанасул гIумру талихIаблъун, пайдаяблъун ва къиматаблъун гьабула. Гьединаб бечелъиялъул кумекалдалъун гIуцIула чиясул берцинаб тIабигIат-гIамалги кьола вукIа-вахъиналъе магIнаги.

Гьединай, рухIияб ва творчествоялъул рахъалъан бечедай гIадан ккола Бесханум ГюльмухIамадова. Гьелъул творчествоялъ кумек гьабула къварилъи чучизеги ракIгIатIилъизеги. Унго-унгояй халкъияй кочIохъан хIисабалда, сценалдасан гьелъ гIадамазул ракIал сах гьарула, гьезул гIумру аваданлъизабула. Сценаялда аслияб масъала кинаб дуда цебе букIунебилан гьикъана дица гьелда:

– ГIенеккаразе ва ралагьаразе къабулаб образ кинан лъугьинабилеб абураб суалалъе жаваб батуларо. Щибаб нухалда батIи-батIияб ахIвал-хIал лъугьуна. РакIалъул кинал чIваби гьенир хIалтIизаризе кколелали лъугьараб ахIвал-хIалалъ малъула. Гьел рукIине бегьула рикIкIадисел яги гIагардисел ишал ракIалда щвезариял, гIагаразухъ чIалгIен буссинаби ва цогидаб. КечI букIине ккола рогьалилъ бакулеб бакъалъ гIадин, рагьулеб тIегьалъ гIадин ракIалъе хинлъи кьолеблъун.

КечI ахIизе кидал байбихьараб абун гьикъидалги гьелъ абуна:

– Дида лъалеб заманалда гьеб ахIулеб батана, – ян.

ЦIакъ гьитIинго загьирлъун буго кочIое гьелъул гьунар. ГIусман ва Гюльбиче Мирзаферовазул



гьалбал гІемераб хъизаналда гьитІинайгоялдаса гІемераб рекІелгъей гьабулаан Бесханумица. Гьелъ бакІидеги яхун ахІулел рукІана табасараназул кучІдул.

– Дир гІумруялда кинабго букІана тІогьол квацІигІадин берцинго гІуцІараб, гьеб релъунаан кочІол берцинаб макъаналда, – ян абуна Бесханумица. Дербенталда гьаюрай табасараналъулъ, накъищлъун бессун буго гІемерал миллатазул жубараб культура. – Унгогиха, табасараназул берцинаб халичаялда гьабураб гІадинаб.

– Дуца рессулищха халичаби? – абун гьикъана дица.

– Табасараналда гьел рессулареб хъизанго бугодай? – абун жаваб кьуна гьелъги. Нижер анкьгоял лъимал рукІана, киналго хІалтІулаан рессарулеб станокалда нахъа. Эменгицин тІолабго гІумруялъ хІалтІана халичабазул фабрикаялда мастерлъун. Эбелалда цадахъ нижеца гьарулаан сумахъалги халичабиги. Гьелъ ниж ругьун гьаруна ракІги жанги кьун хІалтІизе. РакІ-ракІалъ гьабичІони гьеб хІалтІи лъугьинеги лъугьунаро…

Жиндирго хІакъалъулъ бицине Бесханумие абизегІан бокьулеб гьечІоан. Гьелъ абуна кІудияб хъизаналда гІурай йикІиналъ жинда захІматалъул къиматги лъанила гьабулебщиналъул жавабчилъиги бичІчІанила.

- КІудияб хъизан гьеб ккола захІматалъул унго-унгояб школа, рокьиги кумекги бикьизе хІадураб тІабигІат куцай, – ян абуна гьелъ. – ТІаде жоялъе дица кечІги ахІулаан, халичабиги гьарулаан, школалдаги лъикІ цІалулаан.

Нижер хъизанго макъназулаб букІанилан абизе бегьула. Инсуца сазалда ва цогидалги музыкалиял алатазда рачунаан бакънал, кІудада вукІана Табасаранaлда цІаррагІарав лъикІав зурмихъан. Гьезухъ гІенеккун дидаги ракІалда чІолаан табасараназул ва азербайджаназул кучІдулги бакъналги. Гьеб лъугьана дир гІумруялъул кІвар бугеб рахълъун, ракІалъе къабулаб ишлъун.



Республикаялъул музыкалияб училищеялда цІалулелъулги бихьизабуна Бесханумица бакънaзе ва кечІ ахІиялъе бугеб бажари – гьунар. Педагогазе къабуллъана гьелъул гьаракьги кечІги. Гьениб гьелъие лъикІаб хІалбихьи щвана халкъиял кучІдул ахІиялъе, репертуар хІадуриялъе, сценалда цее яхъиналъе ва цогидалъеги.

– Училищеялда лъана дида кІудияб гьитІинаб сценаги, кутакаб загІипаб гьунарги батІа бахъизе, – ян бицана Бесханумица.

– Гьеб мехалда бичІчІана дида кочІохъанасул захІматалъул къиматги багьаги, ралагьулезе ва гІенеккулезе кьезе кколеб къуватги ракІалъул хинлъиги.

КочІолъ Бесханумица бицуна халкъалъул къисматалъул, ВатІаналде рокьиялъул. Гьелъул рукІуна гІицІго рокьи – кьалалъул гурелги, ВатІан бокьизе малъулел кучІдулги. Гьелъ ахІула азербайджаназул, гІурус, турказул, казахазул мацІаздаги.

– Дие хирияб буго гІицІго тюрказде гІагараб гуребги гІурусазул ва европаялъулаб культураги – ян бицана гьелъ. – БатІи-батІиял мацІазда цІикІкІун ахІарабгІан бечелъула кочІохъанасул гьунар.

Росасул кинаб бербалагьи дур пишаялдехун букІунеб абураб суалалъе гьелъ гьадинаб жаваб кьуна:

– Дир рос АхІмадпашал дихъ рокьи цо йихьарабго ккана. Таманав хьвадизавуна дир инсуца гьев гьарунги. Гьединлъидал дир сценаялъулаб ишалъул хІакъалъулъ хабарги киданиги букІунаро.



АхIмадпашаца рагIи кьун букIана ракIал журан гIумру гьабизе ва гьеб рагIи гьес ккуна.

РакIрагьун бицуна Бесханумица хабар. Гьединлъидал гьебги кечIго гIадин ракIалъ къабул гьабулеблъун букIана. Гьелда лъикI лъала халкъияб искусство, гIадат – гIамал, щибаб миллаталъул культураялъул хаслъи ва гIемераб цогидаб. КочIохъаналъ абуна, «халкъиязе» къваригIун бугила халкъалда гьоркьор рукIине, творчествоялъулал сапарал гIемер гьаризе, фольклоралда тIад хIалтIизе, халкъалъул кIалзул гьунаралъул хазина бакIариялда ва цIуниялда тIад хIалтIизе.

Лъебергоялдаса цIикIкIун соназ сценалда йиго Бесханум. Щибаб цее яхъин гьелъул букIуна ракIалдаса унареб. Щай? Щайгурелъул гьелъ гIенеккаразе кочIол мацIалда рагьула дунял ва бакъаналдалъул бицуна тарих, гьелъ ракIазе гьабула кIудияб асар. Бицана Бесханумица жиндир гастролазулаб графикалъулги, щвезе ракIалда бугел бакIазулги, цIигьабураб репертуаралъулги ва гIемераб цогидалъулги хIакъалъулъ.

Гьелъ абуна кечIалъ жиндие кумек гьабунила гIумруялда дандчIварал захIмалъаби къезарияллъеги. Вас камидал жинда кколеб букIанила тIокIалъ гIумруго сундуе къваригIараб абун. Киданиги сценаялде яхиниланги йикIинчIила. Амма заман индал жинца къабул гьабунила гIадамазул гьари. ГIемерал ахIанила камурав васасе сайгъат гьарурал кучIдулги.

– Дида кечI ахIеян гьарулел гIадамалги рукIана дунго гIадинал, камиял ккарал. – Гьедин разилъана дун ва кечIалъ хвасарги гьаюна. РекIелъа пашманлъи бахъичIониги, гIадамазул разилъиялъ гьеб бигьалъизабуна.

Бесханумида гIумру кинаб ахIвал-хIалалде кканиги гьабизе кколеблъи бихьана. Гьанже гьелъул рохелллъун вуго вас Вадимги гьесул лъималги. Гьей гIемер йихьизе бегьула бесдал лъималазе, сакъатал, унтарал ва мискинал гIадамазе чIорого концертал кьолей. Гьединго ресукъазе садакъаги гьабула.

Украиналда гIолохъаби чIвалел рукIиналъги кIудияб рахIатхвей буго Бесханумил рекIее.

– ВатIаналде рокьи дида лъикI бичIчIула, – ян абуна гьелъ. Жакъа нилъер улкаялъул тарихалда кIвар бугел лъугьа-бахъинал кколеб мехалда, цо рахъалъ чIухIизе бачIуна, амма гьебго заманалда гIолохъабазул камиялъ пашман гьаричIогоги толел гьечIо.

Бесханум ГюльмухIамадова йиго лъикIай кочIохъанги артисткаги. Гьелъ сценалда лъугьинарула батIи-батIиял образал. Киназго гьелъ ахIулел кучIдулги хIалел ролалги лъикI къабулги гьарула.

КочIохъаналъ щулияб гьудуллъи гьабула азербайджаналъул эстрадаялъулал артистазулгун. Гьел ккола Зайнаб Ханларова, Вафа Шерифова, Бахар Летифгызы, Шебнем Товузлу. Дагъистаналъул композиторазул гьелъие бищунго рокьулелллъун руго Къ. МухIамадов ва А. Уруджев. Гьелъ гьираялда ахIула Э. Ашурбекавалъул, З. СултанахIмадовалъул, З. Дербендлил рагIабазда гIуцIарал кучIдул. ГьечIо гьелъие кумек гьабулев спонсорги. Кинабго хIалтIи буго жиндирго харжаздаги захIматалдаги бараб. Гьедин букIаниги Бесханумил лъугьун буго лъикIаб репертуар ва руго гьелъухъ гIашикьго гIенеккулел.

Концерталгун Бесханум щолел бакIалги гIемер батIи-батIиял рукIуна. Дагъистаналъул Югалда ва Азербайджаналда концерталги кьун гьей тIуяларо. ГIемер щола Москваялде, Санкт – Петербургалде, Костромаялде, Сургуталде, Тюменалде. Гьелъул концертазде рачIуна батIи-батIияб гIелалъул ва миллатазул гIадамал ва гьелъ бихьизабула кочIохъаналъул тIадегIанаб даража.

Гьединго Бесханумица цебегоялдаса нухмалъи гьабулеб буго табасаранaзул хIалхьиялъул централъе. Руго гьелъ тIуразарулел жамгIиял ишалги. Гьеб кинабгоги ккола гIадамазе хъулухъалъе ва кумекалъе гьабулеб хIаракатчилъи. КинабгIаги творчествоялъул лъугIел букIунарилан рикIкIунеб буго кочIохъан Бесханум ГюльмухIамадовалъ

**ГIАЙШАТ ТАЖУДИНОВА**

Расул ХIАМЗАТОВ

# Дир Дагъистан



Дагъистан – дир гьумерги черхги. Дуда хъвазе дица гьукъула, дур гIин кьурулеб мехальгицин дун къварилъула.

Сабурал магIарулаз, дагIба ккараб мехалъ, гIемераб рагIи хIехьола. Амма, эбел-яцалде раккун рагIи абуни, ханжар къватIибе цIала.

Дагъистан, дуде рагIи абуни, дида гьеб хIехьезе кIоларо. Гьеб сундасаги гIагараб буго дие.

...Дихъе хъвалеб буго дур церетIеязулги, бергьенлъабазулги, гьунаразулги бицеян. Дур жакъасеб къоялъул бицеян. Абуге дида гьедин. Дур гьунарал азарил соназул руго. Дур сонисебги жакъасебги жубараб буго. Дица мун бикьиларо батIи-батIиял заманабазде.

Цогидал чIахIиял улкабазул тарих цебего хъван букIана хъвадарухъабазул къалмаз. Амма дур хвалчабазул тарих хъвазе дур васахъе гьаб гIасруялъ гурони къалам кьечIо. Дун дур некIсияб кьалул нухазде ваккунин жакъасел къояз диде гIайиб гьабуге абе, жакъасел къоязул кигIан бицаниги цересел къоязги гьабичIин дагIба.

МахIмудил тема букIана Муиде рокьи. Бищунго божарав гьудулас гьарана МахIмудида цIияв гьавурав васасе кинидахъ ахIизе кечI гьабеян. МахIмудихъан гьеб бажаричIо. Цогияс гьарана хварай чIужуялъул бицун магIу хъваян. МахIмудица хъвана. Амма магIарухъ гьеб магIуги ахIун щивго гIодичIо. ГIодана ва гIодулел руго талихI къараб рокьул бицун Муиде хъварал кучIдулги цIалун.

...Лъабго къоялъ дица жигар бахъула щварал, рихьарал улкабазул бицине. Амма бажаруларо. Дидаго лъачIого дур бицунев ватула.

Дир тема – гьебги буго дуде бугеб рокьи, Дагъистан. Бокьани гьитIинаб букIа рокьи, бокьани кIудияб букIа. Бокьани кIудияб букIа ритIухълъи, бокьани гьитIинаб букIа. Бокьани цебесеб букIа, бокьани гьанжесеб букIа. Дун рокьулги, ритIухълъиялъулги, ВатIаналъулги вас вуго.

Дагъистан – дир ВатIан. Дур рахъалъ хъвалеб буго. Дир кверазукь къалам сородулеб буго. Кинаб жанралда дур рахъалъ дица хъвалеб. КечIищ, хабарищ, къисайищ? Дун ургъулев вуго. Кинан дур сурат бахъилеб, дур бакънал рачинел?

Блокноталдаса: Дица цIар бицинаро, араб соналъ цо дир гьудуласул – аваразул поэтасул кучIдузул тIехь бахъана. Гьес кучIдул, квартираялда рукъзал рикьулел гIадин, рикьун ругоан: политикиял кучIдул (кабинет), магIишатиял кучIдул (столовая), рокьул кучIдул (спальня), гIаммал кучIдул (кухня).

МахIачхъалаялда кечI ахIулел чагIазул олимпиада



*ЦIадаса ХIамзат лъималазул лъималгун*

букIараб мехалъ, цо районалдаса вачIарав кочIохъанасда поэтас гьарана цо-цо бутIаялдаса цо-цо кечI ахIейин жиндиран. КочIохъанас ахIана цо халатаб кечI. ГIенеккаразе ургъел ккана, жеги хадуб лъабго ахIизе бугелъул. ХIинкъи букIана, кочIохъан балъхъадерица гIадин тезе бегьулилан. Амма кочIохъанас гIенеккарал рохизаруна, жинца кинабго цадахъ цойидасанго ахIун тIубазабунилан, жиндир пандрил лъабго чIва, гьав поэтасул кучIдул гIадин, лъабиде рикьизе жинхъа бажаричIин.

Дир хIисабалда, гьаб нухалда кечI хъварасдаса гьеб ахIулев витIарав вуго.

Балъхъадерица кочIохъан тарав куц: Бицинаро кисаяли, кочIохъан вачIун вуго Болъихъ росулъе. РакIарун руго гIадамал клубалде гьесухъ гIенеккизе. АхIун буго кочIохъанас, ахIун буго гьираялда, шавкъалда, къанщун бералгун, гIенеккаразухъ балагьичIого. АхIулеб букIун буго цого кечI:

Тирулеб, сверулеб гьобоги буго

Сверулеб, тирулеб гьобоги буго ва гь. ц...

Далай, далай, далай, далай...

Дагь-дагь ккун балъхъадерида гьеб чIалгIун буго, чIамучIаб сакъис гIадин. Гьел цо-цо ккун клубалдаса ун руго. Амма шавкъалъ мехтарав кочIохъанасда гьеб бихьун гьечIо. Ахирги киналго ун, кочIохъанасухъ гIенеккун цо сабру бугев сторож хутIун вуго. Сторожасдаги чIалгIун буго гьеб дулайги далайги, жинцаго гьев гъажалде ваччун вугев гIадин. Гьес абун буго кочIохъанасда:

– Дурго гьобо сверун лъугIараб мехалъ, гьаб клуб рахай, гьале кIулги. Дун унев вуго, сордо лъикI.

Гьедин тун вуго талихIкъарав кочIохъан балъхъадерица.

Блокноталдаса: (Далаялъе лъугIи гьечIо) КIиго магIарулав цо хIамаги цебе къотIун халатаб сапаралъ рахъун руго. Свакарал гьезие кIиязего хIамида рекIине бокьун буго. Амма кинал рекIинелали лъаларого хутIун руго. МагIарул гIадаталда рекъон, кIудиясда тIадаб буго гьитIинав рекIинавизе, гьитIинасда тIадаб буго кIудияв рекIинчIого рекIунгутIизе. ГIемераб пикру гьоркьоб бан къацандун хадусала, гьез хIукму гьабун буго иргадал цоцазе кечI ахIизе, рекIарасул кечI лъугIизегIан иргадал лъелго хьвадизе. РекIун вуго цояв магIарулав. Жиндирго кечIги ахIун гIодове рещтIун вуго гьев. Цогияв рекIун вуго. Гьес байбихьун буго жиндирго лъугIи гьечIеб далай бачине: «далай, далалай, далалай, далалай, вай далай – далалай, далай – далалай». ЛъугIулеб гьечIиш дур далай?» – ян гьикъун буго гьесда.

«Киса лъугIулеб, жеги дулайги буго. Далаялъеги дулаялъеги лъугIи гьечIо… –Вай далалай, далалай, дулай –дулалай» – гьедин ахIун буго гьес щолеб бакIалде щвезегIан.

Нилъер заманалъги гIемерал далайчагIи рекIун хьвадулел руго, унго-унгоял кочIохъаби гъоркьго хутIун руго,

Блокноталдаса: –Махщел щиб жо?

– КIудиялъул рахъалъ гьитIинаб хьвай, гьитIиналъул рахъалъ кIудияб хьвай – гьеб буго махщел.

Блокноталдаса: МагIардаса гIиял эхере рачIунеб мехалъ, тохлъукье гIиялъ речIчIун хъарчигъаялъ хъамун ун буго кьегIер. Гьеб бихьун буго гьитIинаб хIанчIида. Гьелъ хIукму гьабун буго цониги куй хъамизе.

– Балагье, гамачI гебегизабизе лъугьараб тIотIохъ,– ян абун буго куйдул ботIродаса лълъарада речIчIун чIвараб хIинчIги нахъе бачун вехьас.

Хъарчигъаялъул пиша такрар гьабулеб хIинчI тIотIол бакIалде ккола.

Дида лъала, дида батана дица бахине кколеб мегIер – дир тема. Дир буго гьениве дун вачунеб чу – дир мацI. Гьанже дие къваригIун буго гьениве унел гIемерал нухаздасан цо нух тIаса бищизе.

МагIарулазе къокъид нух бокьула. Киндай дица дирго хIинкъараб сухъмахъ балагьила? Дида лъана дица бахьизе кколеб хьала. Дихъ буго гучаб ярагъ – дир мацI. Гьанже киндай хьала бахъила? Тохлъукье гьужум гьабунищ, сардилъ сверун ккунищ? Киндай дица дир хурибе лъим бачина?

Дир буго цIулги, цIаги, хьагги, хьагиниб тIамизе жоги. Киндай дица тIагIамаб квен гьабилеб?

Кинаб жанр дица тIаса бищилеб? Редакторас дихье хьван букIана бокьани хабаралдалъун, бокьани къисаялдалъун, бокьани кочIодалъун, бокьани макъалаялъул къагIидаялдалъун хьваян. Дир гIемерал ресал руго. Босе, бище!

Блокноталдаса: Цо-цояз кучIдул хьвала, хадуб гьел харбазде руссуна, хадуб пьеса, сценарий, ахирги критика хьвала. Цояб жанр тун цогиялде руссуна, цо темаялдаса цогидаб темаялде рортула. Гьел релълъуна, чIужуялъ лъимал гьарулел гьечIилан, гьейги рехун тун, руччаби хисулел цо-цо бихьиназда яги цо-цо пачалихъазул шагьазда, президентазда. Гьезда, ахирги, тохтир валагьарабго гурони лъаларо лъимер гьабунгутIиялъе гIайиб жидерго букIин.

Дица рикIкIуна: чагъирги гьекъе, чедги кIочонге, кечIги ахIе, маргъудахъги гIенекке, кучIдулги хьвай, амма гIадатияб хабарги квер хьвагIун тоге.

Хабар, къиса, роман-проза: гьитIинго эбелалъ дие кинидахъ кечI ахIулаан. Гьеб букIана эбелалъул цохIого-цо кечI. ТIокIаб кечI букIинчIо гьелъул. Гьебги цохIого-цо дие ахIулаан. ШагIир – инсуца ункъо васасул кинидахъ ахIизе цониги кечI хъван батичIо. ШагIир – инсуе бокьулаан васасе хабар бицине. Жеги дица кучIдул хьвазе байбихьараб мехалъцин къватIисан цойгияздасан лъалаан нижеда цоцазул кучIдул.

Бокьулароан инсуе кучIдузул бицине. Гьеб гьес жиндирго аслияб хIалтIилъун рикIкIунароан. ХIалтIилъун гьес хур бекьи, боцIи хьихьи, гьоцIаби къачIай, тIохдаса гIазу хьештIи, исполкомалъул секретарьлъи, росулъги къватIибги ккараб хвелалъулъги гIелалъулъги гIахьаллъи гьаби, гьениб бегьараб квербакъи гьаби бугилан толаан. КучIдул гьесие – «как приложение к «Огоньку»». Гьесие батIалъи букIинчIо гьел «Правдаялда» рахъаниги, росдал пионеразул къадал газеталда рахъаниги. КучIдул гьесул гIумрулъун рукIинчIо, гIумруялъул цо бутIалъун рукIана.

Гьесие рокьулаан рокьул кочIохъан МахIмудил инсуца – Анасилас абурал рагIаби. Рокьуда виххун, кучIдузулъ восун мискинлъарав, вакъарав, къваридав МахIмуд квен кьеян рокъове вачIараб мехалъ, инсуца гьесда абун буго:

– Рокьи кванай, кучIдул гьекъей, МахIмуд. Дуе хурзал рекьун дун свакан вуго.

Жиндирго кучIдузулъ эмен балагьулаан гIарзаялда хъвараб резолюциялъухъ гIадин. Рогьалил къоялъ кьолеб ворчIамиялъухъ гIадин. Вегизе унелъул сордо лъикIан, къо лъикIан абулеб гIадин, праздниказ гьабулеб баркиялъухъ гIадин, къваридазда балеб зигараялъухъ гIадин. Поэтал гIажаибал, батIиял гIадамазда гIамал релълъунарел чагIи рукIуна. Дир эмен релълъарав вукIана щибав магIаруласда. Гьесие гIодобе биччараб накъит бокьулаан.

Дие бицана инсулги МахIмудилги тIоцебесеб дандчIваялъул, гьезул ккараб лъай-хъваялъул. Инсуца машгьурав гIащикъасда жиндирго тIоцересел кучIдул рихьана. МахIмудица абуна гьел жинда ричIчIуларин. ГIакдадеги, гьведеги, ашбазалдеги гьарулел кучIдул рукIунищилан, дида рокьулги Муилги гурони мацIги цIарги лъаларин:

Рокьи гьоркьоб гьечIеб кьалул хабаралъ

Кьоларо дие кеп кин бицаниги...

...Дунял гIаламалъе гIищкъул рукъги бан

Дун къотIнов хутIана къадал ракьанда.

Инсуца гIищкъул рукъ бачIо. Гьесул рукъ букIана хъизан, лъимал, мина, росу, район, улка, дунял, зоб, ракь, лъим, цIа, цIад, бакъ. Цо йокьарай гIаданалде хъварал кучIдулгицин гьес, цогидазда ричIчIунгутIизе, гIараб мацIалъ жиндиегоги долъиеги хъван ратана.

Хабар гьечIеб мехалъ бачIунаан кечI-хабар, къиса – гьеб букIана гIакълулъунги, канлъилъунги. Рогьалил мехалдаги маркIачIул гIужалдаги тIохдеги вахун, тIингъилъе дунги вачун бицунаан инсуца рикIкIаде аразулги, аскIор хутIаразулги; нухазулги гIоразулги; иццал кин беролел, тIугьдул кин раккулел, бицунаан бакъ кин баккулеб, бакъ кин тIерхьунеб, дунял кин сверулеб.

Дида кколаан сверулеб гьечIилан, сверулеб батана. Бицунаан инсуца чу кьололеб куцалъул, гьеб кваназабизе кколеб куцалъул. Бицунаан гIадатазул, гIадамазул. Гьесда зодове балагьун лъалаан метер цIадищ базе бугеб, бакъищ щвезе бугебали. Сверухъ цIад балаго, тохлъукьего ТIелекье бакъ щвани, тIалъиялде цIад балеблъи.

Бицунаан инсуца ругелги гьечIелги хIанчIазул, чундузул, ччугIбузул. Гьосда лъалаан хуриб тIорода жаниб чан мугь бугебали. ТIасан ва гъоркьан вачIунев нухлулав щиб къваригIелалъ вачIунев вугевали ва гьев лъил бакIалда рещтIуневали.


*ЦIадаса ХIамзат ва хъизан Хъандулай*

Бицунаан инсуца… бицун щай тараб, щай хъвачIебали дида бичIчIуларо. Инсуе гIумру букIана хабар, хабар букIана гIумру. Пикру букIана хабар, хабар букIана пикру, кечI букIана ракI.

Квешаб букIа, лъикIаб букIа, дун рекIел чи вуго. Дие боржунаго хIинчI кквезе бокьулаан, гьеб кибе боржунали балагьичIого. ГьитIинго дие ахIулеб кечI бокьулаан киналго харбаздаса. КочIолъ ана дир сонал, сапарал, рохел, къварилъи, гьитIинаб мех, бахIараб заман, махIу беканигицин галадулареб къогоги лъебергоги их, хасел.

Амма гьанже гьаб тIехь хъвалеб мехалъ дун прозаялде, харбиде вуссунев вуго. Дица дир мугIрузул рахъалъ гIодове виччан бицунеб буго. Проза, мун цIумахъ балагьараб мегIер гIадин, хIанчIазухъ балагьараб гъветI гIадин, васасухъ балагьараб рукъ гIадин букIана кинабго дир гIумруялъ. Духъе вуссунев вуго дун, къабул гьаве. Дуда гурони хIал кIвезе гьечIо дие къваригIараб кинабго хIакъикъат бицун. ХIалтIун свакан пенсиялде гуро дун вуссунев вугев. Дун цIияб кIудияб ишалъ ахIулев вуго духъе.



# НекIсияб тарих – цIиял магIнаял

**Республикаялъул музеялъ нусго сон баялда хурхун гьелъул хIакъалъулъ бицунеб буго музеялъул хIалтIухъан Заира Гьашимовна Кильдеевалъ.**

### ЦЕБЕРАГIИ...

- 80 абилел соназул байбихьуда ячIана дун гьание, - ян байбихьана Заира Гьашимовналъ жиндирго экскурсия. Дихъе кьуна советияб тарихалъул отдел. Гьаниб букIана советиялде щвезегIан цебесеб тарихалъул отделги. 90 абилел соназда гьел журазаруна ва гьабуна экспозициязулабгун церелъеязул отдел. 2004 соналъ дида тIадкъана фондал цIуниялъул рахъалъ директорасул заместителлъи ва жакъаги гьеб хъулухъалда йиго. Нужеда бихьанаха музеялъе кьун бугеб берцинаб ва жиндирго тарих бугеб мина.

Заира Гьашимовналъ чIухIигун бицана республикаялда жидер музеялъул бугила 39 филиал, гIаммаб куцалда музеялъул экспонатазул къадар I80 000 ялде бахунила ва гьездасан I00 000 экспонат бугила аслияб музеялда жаниб.

- Исана музеялъ тIубана I00 сон. Гьанжеги рачIуна нижехъе цIиял экспонатал. Гьедин букIине буго жеги нусго сонаалдасанги. ГьабсагIаталда нижер музей ккола Севериятб Кавказалда бищунго кIудияб. Гьаниб буго 2I зал, гIатIидал жанахIал, фойе ва церелъеязул центр.

Гьединго гьелъ бицана жидер гIуцIиялда жаниб бугила I8 музеялъулаб коллекция: «ЩегI», «Археология», «Живопись ва графика», «Махх», «Ярагъ», «Ххамал», «ЦIул», «Нумизматика».

### БАЙБИХЬИ...

- Музеялъул тарих бухьараб буго Дагъистаналъул жамгIиябгун политикияб гIумруялда. Гьеб байбихьана I9I2 соналъ доб заманаялъ Дагъистаналъул тахшагьарлъун букIараб Темир – Хан – Шурасан, – абун бицана Заира Гьашимовналъ. Гьеб музей гIуцIиялъе хIаракатчилъи бихьизабун буго Дагъистаналъул рекIаразул полкалда вукIарав тохтур, гIурусав И. Костемировас. Гьес ракIарун руго музеялъе тIоцересел коллекциялги ва гьесдаса хадуб гьеб иш тIаде босун буго гьесулго гьалмагъ Е. Козубскияс. Доб заманалда музеялде рачIунел рукIун руго суратал, къанагIатал документал, тIахьал, ярагъ, ретIел – хьит, рукъалъул къайи – къоно, батIи – батIиял алатал ва цогидалги жал.

Революциялъул соназда музеялги хъамал гьарун рукIана ва цIунизе кIун батана 400 экспонат. Амма Гражданияб рагъ лъугIидал, I920 соналъ, Дагъревкомалъул хIукмуялдалъун, Костемировасул цIаралда букIараб музеялъул кьучIалда тIад гIуцIана цIияб «Дагъистаналъул халкъияб музей» ва гьелъие нухмалъи гьабизе тана художник С. Полторацкий. Гьесдаги I92I соналде гIезегIаналго экспонатал ракIаризе кIвана, гьезда гьоркьор Дагъистаналъул ва Бакъбаккул

улкабаздаса искусствоялъул къиматал алаталги. Заманалдасан музей къана, экспонатал абуни ГIалибег Тахо-Годил хIаракаталдалъун Порт – Петровскалде (МахIачхъалаялде) гочинаруна. КIиго соналдасан, ай I923 соналъ гьаниб рагьана республикаялъул гIагараб ракь лъазабиялъул музей. Гьелъие гIезегIанабго квербакъи гьабуна музеялъул тIоцевесев директор Д. Павловас.

Доб заманалда хIисабалде росун рукIана музей цебетIезабиялъул рахъалги. Гьарулел рукIана экспозициял, хIадур гьабун букIана гIелмияб литература ва ракIаризе кIвана гIезегIан экспонатал.

## МУЗЕЯЛЪУЛ ХIАЛТIУЛ ТАРТИБ...

I940 соналъ гьелъул гьабуна ДАССРалъул Централияб музей. Гьелъие кьун букIана Комсомольский (гьанжесеб Расул ХIамзатовасул) проспекталда кIитIалаяб мина. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьидал музеялъул экспонатал гочинаруна Дербенталде. Хадубги I943 соналъ музей рагьизе рес рекъана, амма гIемерал экспонатал камунги ратана. Гьединго гьоркьоб къотIизабун букIана гIелмияб цIех-рехалъул хIалтIиги. КъогогIан соналдасан гурони бажаричIо музей цIигьабизе ва Дагъистаналъул гIелмиябгун культурияб цетралъун лъугьинабизе. I968 соналъ музеялъе кьуна Ленинил цIаралда бугеб майданалда цIияб мина. Гьеб заманалда, директор Д. Кажлаевасул нухмалъиялда гъоркь, коллективалъ байбихьана советиб ва гьелда цебесеб заманалда хурхарал экспозициял гьаризе. I977 соналъ гьабуна дагъистаналъул гIагараб ракь лъазабиялъул цолъизабураб музей ва гьелъул гIуцIиялде жанире рачана Буйнахъскаялъул тарихиябгун революциялъулаб, Дербенталъул шагьаралъулаб, Ахтыялъул районалъулаб, С. Стальскиялъул мемориалияб, Хунзахъ бугеб литературиябгун мемориалияб музеялги, Гъизляралда Багратионил цIаралда бугеб гIагараб ракь лъазабиялъул музеялъул филиалги.

## БИЩУНГО ЗАХIМАТАЛ СОНАЛ...

– 90 сонал бигьаяллъун рукIинчIо музеязеги. Культураялъул цогидал учреждениялго гIадин, гьелги хIадурал ратичIо цIияб заманалъул тIалабазда рекъон ккезе ва жалго жидецаго хьихьизе. Щолеб букIинчIо бюджеталдаса гIарац, чучлъана материалияб кьучI, – абун бицана Заира Гьашимовналъ. – Амма доб мехалда директорлъун тарав Р. Хаппалаевасухъа бажарана ДГОМ цIунизе ва цебетIезабизе. Рагьизе щвана цIиял филиалалгицин. I9I3 соналъ, республикаялъул бетIерлъун вукIарав Р. ГIабдулатIиповасул хIаракаталдалъун, музей гочинабуна гьаб некIсияб ва берцинаб минаялда жанибе. Гьабуна гьелъие рекъон кколеб къачIайги.

Заира Гьашимовналъ бицана жидее кIудияб рохеллъун букIанила XIX гIасруялда классицизмалъул къагIидаялда жиб бараб, «атлантаз къачIараб минаялде» жанире рахъине.

– 20I6 соналдехун Тахо – Годил цIаралда бугеб Миллияб музей лъугьана республикаялъул культурияб гIумруялъул централъун, – ян абуна гьелъ. –Анкьго соналда жаниб, творческияб коллективалъул жигараб хIаракаталдалъун гьаб лъугьана нилъер заманалъул музейлъун. Унгоги тарихиял хазинаби цIунарал залал руго гьанир. Дунялалъулго гIелмуялъе хIажалъулел жал руго археологиялъул отделалда. Нужеда лъалищ, жакъа ругел баяназда рекъон, тIоцеве Дагъистаналда инсан ваккун вуго I62 азарго соналъ цеве. Амма гьанже ГIахъуш районалда гьарулел цIех – рехаз бихьизабухъе, гьелдасаги гIезегIанго церехунги рукIун руго гьанир гIадамал. Палеонтологиялъул отделалда цIунун руго, Дагъистаналда ратарал, сарматазул заманалъул кит ва пил. Туристал хIикмалъизарула гьанир ругел экспонатаз. Гьез абула дунялалъул бищунго чIахIиял музеязда рекъаралги жал гьанир гIемер рихьанилан. Гьединаллъун



**Женщина Дагестана**
**3/2023**
**На аварском языке**
**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Дата выхода в свет 19.06.2023 г.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0506. Тираж (3883) 1106 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
I – Радушная хозяйка этно-кафе «Инт» Саидат Курбанова; II–IV – фотоэтюды А. Саидмагомедовой; III – Экспонаты Национального музея РД.

руго БетIер хIуларай «Венера», некIсияб мажгиталъул рагъу, Тимурил хвалчен, Кубачиялъул ганчIида рикIарал суратал (тимпаны)…

– Гъединал экспонатаз бечелъизарилаан Лувраги Эрмитажги. Амма гьел руго гьанир, Дагъистаналда, – ян абуна музей цIунулелъ.

Сугъралъа Венера

ЧIужугIаданалъул гьитIинабго маххул гьабураб сурат нилъер эра щвелалде анкьго гIасруялъ цебехунго гьабураб бугин чIезабула экспертаз.

– Археологазда гьеб батана гIандалазул жаниблъиялда бугеб Сугъралъ росда гIагарлъухъ, – ян бицана Заира Гьашимовналъ. «Венераца» зарал ккун руго гьоркьоб гIучI къазе бегьуледухъ. Гьелъ бихьизабулеб буго хурул бачIиналъул гьарзалъи. Гьелъул бетIералда буго тIеренабго тIагъур… Цогидаб гIажаибаб экспонат ккола Тимурил хвалчен ва гьелда тIад буго I08I соналъул тарих. Гьеб хвалчен гьабун букIун буго Пакистаналъул Лахоралда. Хвалчен кколеб буго цин гIемерал ракьал рахъарав Тимурихъ ва хадуб Надир–Шагьасухъ букIараб. Хвалчада тIад лъабго батIияб хъвай – хъвагIай буго батIи – батIияб заманалда гIараб хатIалъ гьабураб. КIинусго соналъ гьеб хвалчен Хунзахъа цо хъизаналъухъ букIун буго ва ахирги, араб гIасруялъул 30 абилел соназда ракъиги бергьун, бетIергьанас гьеб музеялъе бичизе ккун буго.

Кала – Корейшалъул мажгиталъул нуцIбиги рикIкIуна хIикматаб экспонатлъун, анцIила кIиабилеб яги лъабабилеб гIасруялда рикIун гьарурал гьел нуцIби байбихьуда Кубачиялъул христианазул кIалгIаялда рукIанинги чIезабула. Хадуб, гьеб килисаги биххун, нуцIби ккун руго аскIоб бугеб росулъе. Гьанже гьеб Кала – Корейшги рехун тун буго гIадамаз. Амма гьеб бихьизе жеги хьвадула. Гьениб букIараб архитектурияб культура гьанжеги лъикI цIунун, цIад – бакъалъги хвезабичIого хутIун буго.

## ЖАКЪАСЕБ КЪО

Заира Гьашимовналъ гьираялда бицана музеялъ хадурккун гьаризе ругел ишазул ва жакъасел ишазул хIакъалъулъги. ГIемераб бугила гьениб гIадамазда бихьулареб ва захIматго гьабулеб хIалтIи. Тематическияб музей абураб жоялъул гьаниб бицинего ккеларила. Исана Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон тIубалеб букIиналда хурхунги жидеца гIемерал экспозициялги, церелъеялги гьаризе ругила, гьев кIудияв шагIир ва гIакъил гIадамазда жеги лъикIго рагIизавиялъе.

– Гьадингоги, музей гIицIго араб заманалъул бицунеб ва цебесеб бихьулеб бакIлъун букIине кколаро, – абун гьимана гьей. – Гьаниб бихьизе ккола жакъасеб гIумруги, хисулеб бугеб заманги, нилъер заманалъул дагъистаниялги. Амма хисизе бегьулареб цо жоги буго – нилъер некIсияб ракь хутIулеб буго гIадатияб Дагъистанлъун ва гьелъ хIайран гьарулел руго туристалги. Гьез гIажаиблъи гьабула мацIазул гIемерлъиги, миллияб культураялъул бечелъиги, ратIлил къагIидаги, халкъазул устарлъиги ва цогидабги бихьун.

Искусство тарихаздалъун

– Уха, цифровизация, – ян абуна Заира Гьашимовналъ, – гьанже гьелдаса борчIизе бакI Миллияб музеялъулги гьечIо. Культурияб ирс техникаялъул кумекалдалъун бихьизаби ккола «Культура» абураб миллияб проекталъул аслияздаса цояб. Жакъа республикаялъул Миллияб музейги ккола медийныяб центрлъун, гьанирги хIалтIизарула цIиял технологиял. Гьединго пайда босула мультимедийниял гидаздасаги, интерактивиял экраназдасаги.

Гьеб киналъго кумек гьабула бокьараб заманалда эркенго музеялде раккизе, бокьараб жо рагьизе ва бихьизабизе. Гьедин церетIолел ва аралъул бицунаго церехун рилълъунел руго нижги, – абун лъугIизе гьабуна гьелъ жиндирго хабар.

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**







# Древняя история – новые смыслы







ИНДЕКС ПМ803

6+

Цена свободная

4 651116 280082